Хэку лъагъуныгъэм и къежьапIэр

2-нэ нап.

Илъэс 70-кIэ зы IэнатIэм

3-нэ нап.

Мел Астемыр и фэеплъу

4-нэ нап.

ЛэжьакIуэшхуэт икIи цIыху нэст

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№140 (24.734) ● 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Зэгурыlуэныгъэ зэращlылlащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ Мэзкуу щэкIуэгъуэм и 20-м щыхуэзащ «Урысейм Iэмал псори щыбогъуэт» платформэм и унафэщI, «Сенеж» управленэм и лъэщапIэм и ректор Бетин Андрей.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ илъэс куэд щlауэ зэрызэдэлэжьам фIыуэ кърикIуахэмрэ дяпэкIэ я зэпыщIэныгъэхэр зэрагъэбыдэнумрэ.

КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ мэкъумэш академием къедзауэ, ди республикэм щолажьэ «Урысейм Iэмал псори щыбогъуэт» президент платформэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ Центр. Абы иубзыху программэхэр щIыналъэм щызыгъэзащIэр «Эльбрус» корпоратив университетырщ.

Платформэр зэрылажьэ илъэсихым къриубыдэу, абы игъэзэщIа проектхэм, иригъэкIуэкIа зэпеуэхэм, олимпиадэхэм хэтащ щIыналъэм щыщу цIыху мин 85-рэ. Абыхэм ящыщу цIыху 350-м щIигъур кIэух зэпеуэхэм нэсащ, 308-м текIуэныгъэ зыIэрагъэхьащ, гъэсакIуэ Iэзэхэр зрагъэцIыхуащ, езыхэм я зэфIэкIхэри утыку кърахьэфу зрагъэсащ.

Зи гугъу тщIыр «Зыгъэпсэхугъуэ ин», «Урысейм и пэрытхэр», «Сэ сыIэщIагъэлIщ» зэпеуэхэрщ, «Бысым Iэзэ», «Егъэджэныгъэм щыпэрытхэр» проектхэрщ, къинэмыщIхэрщ.

КIуэкIуэ Казбекрэ Бетин Андрейрэ зэрызэхуэзам фIыуэ кърикIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Урысейм Iэмал псори щыбогъуэт» платформэмрэ зэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэрызэраухылIар, къинэмыщIауэ, «гъуэгу картэм» Iэ зэрыщIадзар. А дэфтэрым зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм защIэбгъэкъуэну Iэмал нэхъыбэ къыует, къудамэ зэмыщхьэм IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзырынымкIэ сэбэп мэхъу.

«Шэч къытесхьэркъым Iэ зыщIэддза зэгурыIуэныгъэм ди зэфIэкIхэм нэхъри зедгъэужьыну Iэмал къызэрыдитынум, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. - Дэ мурад тщIащ «Урысейм Iэмал псори щыбогъуэт» еджапIэм къыщIэкIахэм я зэIущIэ едгъэкIуэкIыну, зэгъусэу зэхьэзэхуэхэр зэхэтшэну, проектыщIэхэр къыдэтхыну. Абы и фIыгъэкIэ ди Президент Путин Владимир ди пащхьэ къригъэува лъэпкъ къалэн нэхъыщхьэр - «дэтхэнэ зыми къыдалъхуа зэчийм зегъэужьын, бгъэдэлъ зэфIэкIым гъуэгу етын, Хэкур фIыуэ зылъагъу, жэуаплыныгъэ зыхэлъ цIыху къэгъэтэджын» жыхуиIэр - нэгъэсауэ тхуэгъэзэщIэнущ».

Гъавэмрэ хадэхэкIымкIэ дыбейщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир иригъэкIуэкIа, Къэрал советым «Мэкъумэш» къудамэмкIэ и комиссэм и зэIущIэм.

ЗЭХУЭСЫМ къекIуэлIахэщ УФ-м Мэкъумэш Iуэхухэмкlэ и министерствэм и лIыкIуэхэр, къудамэм щылажьэ щIэнныгъэхэм, цIыхубэ зэгухьэныгъэхэмрэ Iуэхущlапlэмрэ я лэжьакIуэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Урысейм 2030 гъэ пщIондэ мэкъумэшымрэ бдзэжьей хозяйствэмрэ зэрызыщаужьыну щыкIэм теухуауэ яубзыхуа къалэнхэм халъхьэжыну зэхъуэкIыныгъэхэм. Къинэмыщlауэ, и гугъу ящlащ «Ерыскъыпхъэр шынагъуэншэу щытын папщIэ, къэгъэсэбэпыпхъэ Iэмэпсымэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъуну щIыкIэм. Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ мэкъумэш къудамэм къыхыхьа Iэмэпсымэщlэхэм, абы роботхэмрэ бжыгъэр зи тегъэщIапIэ техникэмрэ къызэрыщагъэсэбэпым.

«Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэрей Iуэхукlэ ерыскъыкIэ фIыуэ къызэрызэгъэпэщар. 2023 гъэм республикэм кърихьэлIа гъавэр, хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ, лымрэ шэмрэ щIыналъэм хурикъуа къудейкъым, абыхэм ящыщу гъавэ тонн мин 650-рэ, пхъэщхьэмыщхьэ тонн мин 660-рэ, мэракIуэхэкIыу, шэрэ шэм къыхэщIыкIа ерыскъыуэ тонн мин 200-м нэс адрей щIыналъэхэм ярищащ. Дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу КъБР-м ерыскъыхэкIыу ищар зыщыгугъам нэхърэ хуэди 2,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Гулъытэшхуэ ди республикэм щыхуащI псы щIэгъэлъэдэнми. 2019 гъэм щегъэжьауэ псы зыщIагъэлъадэ щIыхэр гектар мин 35-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Илъэситхум къриубыдэу мэкъумэш къудамэм хуаутIыпщащ сом меларди 3-м щIигъу.

КъБР-м гъавэр зэрахъумэ IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэпын щIадзащ. Республикэм и хадэхэкI хъумапIэхэм гъавэу тонн 300-м нэс щIохуэ. Дызэрыт илъэсым апхуэдэ хъумапIэхэм иджыри 8 къахэхъуащ, хадэхэкI тонн мин 43,3-м нэс щIэхуэу. 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр 800-м нэдгъэсыну ди мурадщ.

«Ди щIэныгъэлIхэм хадэ гъэкIынымрэ жылэ къыхэхынымрэ и лъэныкъуэкIэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI, абыхэм я проектхэр къэралым 2017 - 2030 гъэхэм къриубыдэу игъэзэщIэну и мурад щIэныгъэ-техникэ программэхэм къыщагъэщхьэпэ. Бжыгъэр зи тегъэщIапIэ еджапIэхэр къагъэсэбэпурэ, къапэщылъ лэжьыгъэр нэхъыфIу яубзыху», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

ТекIуэныгъэ Иным и дамыгъэ лъапIэр

Москва Кремлым и телеграм - каналым и напэкIуэцIым кърaлъхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэбелджыла дамыгъэр (логотип). Дамыгъэр щагъэлъэгъуащ икIи щытепсэлъыхьащ ТекIуэныгъэм и музейм. Абы тетщ Вучетич Евгений и «Хэкуанэр къоджэ» скульптурэм и теплъэр. Ар Сталинград щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм и лIыхъужьхэм я фэеплъ зэхэтхэм (ансамбль) я кум итырщ. Фэеплъыр тетщ Мамай и Iуащхьэ Волгоград щыIэм.

ФЭЕПЛЪЫМ щелэжьым скульпторым чэнджэщэгъу хуэхъуауэ щытащ маршал Чуйков Василий. «Командир-ебгъэрыкIуэ» цIэ лейр фронтым къызыщыфIащауэ щыта Чуйковым и унафэм щIэтащ Мамай и Iуащхьэр зыхъума 62-нэ армэр. Хэку-анэм и образыр скульпторым къигупсысыным ихьащ илъэсий. 1967 гъэм, фэеплъым и ухуэныгъэр яуха нэужь, ар дуней псом къыщалъытауэ щытащ скульптурэ нэхъ ин дыдэу икIи а цIэр илъэс куэдкIэ зэрихьащ.

2023 гъэм и фокIадэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-р щIыхь пылъу, купщIафIэу егъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырыным теухуа унафэ ищIауэ щытащ. Къыхигъэщат абы и щIыхькIэ къызэрагъэпэщ дэтхэнэ Iуэхугъуэми гупсысэ куу хэлъын зэрыхуейр. Ар къэплъытэмэ, ТекIуэныгъэм и илъэс 80-м и дамыгъэр лъапIэщ. Абы хыболъагъуэ Хэку зауэшхуэм и фэеплъ, лIыгъэ, хахуагъэ, гукъэкIыж.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Ди къуэш республикэхэм

Урысейм бжьыпэр щиIыгъщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид зэрыжиIамкIэ, минерал псыуэ ирагъахъуэмкIэ 2024 гъэм республикэм Урысейм бжьыпэр щиIыгъщ. «Честный знак» къэрал Iуэхущlапlэм къызэритымкIэ, мы илъэсым и щIышылэ - жэпуэгъуэхэм КъШР-м щагъэхьэзыращ минерал псы литр мелуан 535-м щIигъу.***

- КъШР-м илъэс кIуами япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ, псыхэкI лIэужьыгъуэ псомкIи къэралым щыпашу щытахэм ящыщщ. Мы илъэсым и мазипщIым литр мин 630-рэ дгъэхьэзыращ. Мыбдежым Урысейм ещанэ увыпIэр, КИФЩI-м бжьыпэр къыщытлъысащ, - къыхигъэщащ Темрезовым.

Гъуэгухэр зыхуей хуагъазэ

АДЫГЕЙ. ***«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ Мейкъуапэ зэпэщ щащIащ Гагариным и цIэр зезыхьэ уэрамым хиубыдэ Iыхьэ.***

ГЪУЭГУ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Пушкиным и уэрамым къыщыщIэдзауэ Пионерскэм нэс къызэщIиубыдэм. Абы къалэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ - ар йокIуалIэ сымаджэщым, физкультурэ комплексымрэ республикэ стадионымрэ.

Гагариным и уэрамыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэныр 2025 гъэм зэфIагъэкIыну яубзыхуауэ арат, ауэ ар зи къалэн Iуэхущlапlэм лэжьыгъэхэр нэхъ пасэу зэфIигъэкIащ. Къинэмыщlауэ, дызыхыхьэну илъэсым хиубыдэ лэжьыгъэр гъуэгуухуэхэм щызэфIагъэкIащ нэгъуэщI ухуэныгъитIми.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкIэ



Псори и чэзум зэфIэкIынущ

ЦIыхубэм папщIэ яухуэ инфраструктурэ ухуэныгъэхэм ятеухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

МЫ гъэм зэфIагъэкIыпхъэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщу процент 75-р и кIэм нэсащи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр пэрыт щIыналъэхэм яз хъуну гугъэ щыIэщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гулъытэшхуэ хуэныкъуэ Iуэхухэм. Мы гъэм яутIыпщын хуея цIыхубэ инфраструктурэ объект 64-м ящыщу 30 яухакIэщ. Ахэр школхэрщ, амбулаторэхэрщ, щэнхабзэм епха ухуэныгъэхэрщ, къинэмыщIхэрщ. КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ лэжьыгъэхэр и чэзум зэфIагъэкIын хуэдэу, ткIийуэ кIэлъыплъыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру хэтщ Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ. А лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ.

Къалэнхэм зэрыпэлъэщыр къепщытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ КъБР-м Хабзэм къемызэгъхэр къэмыгъэхъунымкIэ зэпымыууэ лажьэ зэхыхьэмрэ республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, министрхэр, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэкIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм, муниципалитетхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр хабзэм тету гъэзэщIэныр, абы кIэлъыплъыныр зи пщэрылъ къэрал къулыкъущIапIэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм. Апхуэдэу и гугъу ящIащ балигъыпIэ имыувахэм хабзэр къызэпемыгъэудын, социальнэ реабилитацэ хуэныкъуэу щытыкIэ гугъу къиxута сабийхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун Iуэхухэр зи нэIэ щIэт ведомствэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

Зи гугъу ящIа Iуэхухэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр Крючков Вячеслав, республикэм и прокурор Хабаров Николай, Тэрч, Май район администрацэхэм я унафэщIхэу Хъущт Аслъэнбийрэ Саенкэ Татьянэрэ.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ балигъыпIэ имыувахэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну, ахэр щIэпхъаджагъэ Iуэхухэм хашэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр къызэпаудыну, апхуэдэуи лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хухаха мылъкур зыхуей хуэзэу къэгъэсэбэпыным ткIийуэ кIэлъыплъыну.

Iэтащхьэм фызэреупщIын фиIэмэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мэрем махуэм, щэкIуэгъуэм и 22-м, занщIэу эфирым кIуэуэ къэпсэлъэнущ. Ар щIидзэнущ сыхьэт 16.00-м. Нэтыныр къагъэлъэгъуэнущ «Россия 24», «1 КъБР» телеканалхэм, республикэм и Iэтащхьэм интернетым щиIэ «ВКонтакте», КъБР-м и УнафэщIым и Администрацэм и Телеграм напэкIуэцIхэм, апхуэдэуи федэIуэфынущ Урысейм и радиомкIэ (101.8 FM), КъБР-м и радиомкIэ (99,5 FM).

РЕСПУБЛИКЭ УнафэщIым фызэреупщIынур е видео зыхуэгъэзэныгъэр евгъэхь хъунущ Телеграмым и чат-ботым, kokov-online@mail.ru электрон адресым.

ЩэкIуэгъуэм и 19-м щегъэжьауэ колл-центрыр лэжьэнущ. Сыхьэти 9.00-м къыщыщIэдзауэ 18.00-м нэсыху фи упщIэхэр зэревгъэтх хъуну телефонхэр лэжьэнущ: (8662) 229300, +79287119400. Эфир занщIэр щекIуэкIкIи мы номерхэмкIэ фыпсалъэу фи упщIэхэмкIэ зыхуэвгъэзэфынущ.

ЩIыналъэ ахъшэр зэрытрагуэшэнур

КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2025 гъэм, 2026 - 2027 гъэхэм тещIыхьауэ» проектым. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, Жанатаев Сэлим жиIащ зи гугъу ящIыну дэфтэрым КъБР-м и Парламентым и комитетхэм нэхъ ипэIуэкIэ зэрыщыхэплъар, гу зылъытапхъэу къагъэлъэгъуахэр щэкIуэгъуэм и 27-м законопроектым и япэ еджэгъуэм щыхэплъэкIэ къызэралъытэнур.

- Иужьрей илъэсхэм къухьэпIэ къэралхэр Урысейм зэран къыхуэхъуну жыджэру иужь зэритым къыхэкIыу, бюджетыр убзыхунымрэ гъэзэщIэнымрэ къаруушхуэ етхьэлIэн хуей хъуащ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. - Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар щыщIидза япэ махуэм щегъэжьауэ республикэ унафэщIхэр щIэгъэкъуэн яхуохъу СВО-м хэтхэми, абыхэм я унагъуэхэми, зи щIыналъэхэр зыбгынэн хуей хъуахэми. Апхуэдэу 2024 гъэм и жэпуэгъуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Правительствэм и резерв фондыр зы меларде мелуан 752-м нэскIэ хагъэхъуащ. Илъэсым и кIэ пщIондэ а бжыгъэр сом меларди 2-ми щхьэдэхыну къыщIэкIынущ. Ахъшэр нэхъыбэу зытекIуэдэнур дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъурщ. КъыхэгъэщыпхъэщI, щIыналъэм щыпсэухэми, жылагъуэ лэжьакIуэхэми, хьэрычэтыщIэхэми мы Iуэхум увыIэгъуэ ямыIэу я гуащIэ зэрыхалъхьэри.

Жанатаевым жиIащ етIанэгъи республикэм и бюджетыр социальнэ Iуэхухэр гъэзэщIэным теухуауэ зэрыщытынур. Апхуэдэу цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъум, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм, егъэджэныгъэм трагъэкIуэдэну я мурадщ бюджет ахъшэм и процент 61-р (Сом мелард 29-м нэблагъэр). «2025 гъэм республикэм къалэнышхуэхэр зыхуегъэувыж. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек 2030 гъэм пщIондэ щIыналъэм зэрызиужьыфыну щIыкIэу игъэбелджылам къыщигъэлъэгъуащ республикэм къилэжьыр (ВРП) сом мелард 700-м нэгъэсын зэрыхуейр. Дыщогугъ нобэ Iуэху еплъыкIэ къыхэтлъхьэхэр дэфтэрым хуэщхьэпэну», - жиIащ Жанатаевым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр зыхуэдэну къагъэлъагъуэм. Дэфтэрыр IыхьитIу зэхалъхьэ хабзэщ, зыхунэсынумрэ абы щIрагъэгъуфыну къалъытэмрэ тещIыхьауэ. Министрым жиIащ иужьрей илъэситхум республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрефIакIуэр. IуэхущIапIэм зэрыхуигъэфащэмкIэ, дызэрыт илъэсым щIыналъэм къилэжьыр сом мелард 326,5-рэ хъунущ, ар процент 11,5-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм нэхърэ. 2027 гъэм и кIэм ирихьэлIэу, ВРП-р сом мелард 446,3-рэ хъуну къагъэлъагъуэ. Ар зрагъэхъулIэну я мурадщ республикэм и промышленностым, мэкъумэш, IT IэнатIэхэм, сатум, туризмэм къапэкIуэм храгъэгъахъуэкIэ. Рахаевым жиIащ 2024 гъэм мэкъумэш IэнатIэм сом меларди 110,5-рэ къилэжьыну зэрыщыгугъыр. Абы къыхигъэщащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и зэфIэкI псори нэгъэсауэ къызэрамыгъэсэбэпыр, псалъэм папщIэ, жых хадэ гъэкIыным, Iэщ гъэхъуным, хуабэщхэр ухуэным, псыщIэгъэлъадэр зэтеублэным мылъку хегъэлъхьэным иджыри зэрелэжьыпхъэр.

ЩIыналъэм и зыужьыныгъэм халъхьа мылъкум и гугъу щищIым, министрым къигъэлъэгъуащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: 2023 гъэм ар сом мелард 68-рэ хъууэ щытащ, 2024 гъэм - сом мелард 74,5-рэ, 2025 гъэм - сом мелард 80 (е 79,9-рэ), 2027 гъэм - сом мелард 91,1-рэ (е сом мелард 89-рэ) хъунущ. КъищынэмыщIауэ, республикэм къыщыщIагъэкIыр нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрагъашэр хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм 2024 гъэм сом мелард 44,4-рэ къыпэкIуэну хуагъэфащэ, 2025 гъэм - сом мелард 47,9-рэ (абы щIрагъэгъуфмэ - сом мелард 51,5-рэ), 2027 гъэм - сом мелард 56,1-рэ (е сом мелард 65,8-рэ).

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр 2025 - 2027 гъэхэм зыхуэдэну хуагъэфащэмрэ Урысей Федерацэм налогхэмрэ бюджетымрэ теухуа хабзэхэм къыщыгъэлъэгъуахэмрэ къэлъытауэ зэрызэхагъэувар.

- Налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ 2025 гъэм сом мелард 21-рэ хъуну худогъэфащэ, 2026 гъэм - сом мелард 21,9-рэ, 2027 гъэм - сом мелард 22,7-рэ. Налогхэр нэхъыбэу къызыпэкIуэнухэм ящыщщ акцизхэр (сом меларди 4,5-рэ), IуэхущIапIэхэм я хэхъуэр (сом меларди 2,6-рэ), IуэхущIапIэхэм я мылъкур (сом мелард 1,8-рэ). Республикэ бюджетым нэгъуэщI и хэхъуэхэр 2025 гъэм хъунущ сом меларди 3,114-рэ, - жиIащ Лисун Еленэ. - Субсидие ахъшэр (нэхъыбэр мэкъумэш IэнатIэм дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэгъэзауэ щытынущ) сом меларди 3,8-рэ хъуну худогъэфащэ, субвенцэхэр - сом мелуан 561,6-рэ. ЛэжьапIэ Iумытхэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным сом мелуани 162-рэ хухэтхыну ди мурадщ. Республикэм зымыгъэзэж хэхъуэу къэкIуэну илъэсым иIэнущ сом мелард 40,7-рэ, 2026 гъэм - сом мелард 37,2-рэ, 2027 гъэм - сом мелард 33,5-рэ.

Министрым дыщIигъуащ социальнэ ахъшэм 2025 гъэм сом меларди 10,2-рэ зэрыхухахынур. Абы щыщу сом меларди 5,2-р мылажьэхэм фIэкIыпIэ зимыIэ я медицинэ страхованэм хуэгъэзащ. Лисун Еленэ къыхигъэщащ ахъшэм къыщIэкIыр зэрехуэхыр къэлъытауэ, зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр зэрытрагуашэр. Псалъэм папщIэ, сабий ипIыну къэзыщтам мазэм зэрыдэIэпыкъу ахъшэр къэкIуэну илъэсым сом мин 20-рэ 682-рэ ящIынущ. Апхуэдэуи УФ-м и Социальнэ фондым и бюджетым къыщылъытащ сабий къызыхэхъуам мазэ къэс зэрыдэIэпыкъу федеральнэ ахъшэр. А Iуэхум и ахъшэ хелъхьэ республикэми. Псори зэхэту абы текIуэдэнущ сом мелард 31-м щIигъу икIи сабий мини 167-м нэблагъэ къызэщIрагъэубыдэнущ.

Министрым жиIащ 2025 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ МРОТ-м зэрыхэхъуэнур, ар сом мин 22-рэ 440-рэ зэрыхъунур. ЩIыналъэм и хэхъуэр 2024 гъэм сом мелард 60,5-рэ хъуну къагъэлъагъуэ (2025 гъэм - сом мелард 61,7-рэ), къигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 63-рэ (2025 гъэм - сом мелард 64,5-рэ).

Лисун Еленэ дыщIигъуащ къэкIуэну илъэсым лыжх узыфэр щагъэхъуж сымаджэщым и ухуэныгъэм, коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным епха лэжьыгъэхэм зэрыпащэнур, Тырныауз къалэм и псыжапIэхэр ухуэным, сабий школхэмрэ курыт щIэныгъэ щрат еджапIэхэм я общежитиехэр зэгъэпэщыжыным ахъшэ зэрыхухахынур.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** жиIащ республикэм и бюджетыр зэпIэзэрыту зэрыщытыр, абы цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнри, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэнри, лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэнри, технологие и лъэныкъуэкIэ щIыналъэм зэрызиужьынури къызэрыщылъытар. Абы къыхигъэщащ бюджет ахъшэр зэрытрагуашэмрэ ар зэрагъэзащIэм зэрыкIэлъыплъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр КИФЩI-м зэрыщыяпэр. Апхуэдэуи АфэщIагъуэм дыщIигъуащ щIыналъэм езым и хэхъуэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ нэхъыбэ зэрыхъум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зуриaт**, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ**, Урысейм и ФНС-м и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Акаевэ Светланэ** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● НыбжьыщIэхэм я зэпеуэ

Хэку лъагъуныгъэм и къежьапIэр

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэмрэ къыхалъхьауэ ди щIыналъэм накъыгъэм и пэщIэдзэ лъандэрэ щокIуэкI «Си Хэку, си еджапIэ, си хэхыныгъэ» республикэпсо сочиненэ зэпеуэ. Ди республикэм къэралыбзэу щыгъэува бзищымкIэ (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ) ягъэзэщIащ лэжьыгъэхэр. Зэпеуэм хэтхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къытрадзэнущ «Адыгэ псалъэ», «Зэман», «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэпеуэр унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ къызэрагъэпэщащ: «Дэнэ деж Хэкум къыщыщIидзэр?», «СызыщIэхъуэпс IэщIагъэр», «КъэкIуэнум и еджапIэ - сызыщIэхъуэпс еджапIэ», «Сызэщхьыну сызыхуей цIыху». Зи ныбжьыр илъэс 11-м къыщыщIэдзауэ 25-м нэс хъу ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэр жыджэру зыхэт тхыгъэ зэпеуэм лэжьыгъэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ куэд къэрахьэлIащ. Нобэ ди газетым тыдодзэ «Дэнэ деж Хэкум къыщыщIидзэр?» унэтIыныгъэмкIэ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ягъэхьэзыра творческэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм къыпытщэнущ «НыбжьыщIэ зэпеуэхэр» рубрикэм щIэту.

ФIыгъуэ куэдым я щIэдзапIэ

Сыт щыIэ Хэкум нэхърэ нэхъ лъапIэрэ, нэхъ IэфIрэ, нэхъ лъэщрэ? Мы упщIэхэм ягъуэтыну жэуапыр, дауи, щхьэж и Iуэху еплъыкIэм елъытащ. Сэ сыкъапщтэмэ, Хэкурщ псом нэхърэ нэхъ хэсIэтыкIыр!

Дэнэ деж къыщыщIидзэр Хэкум? - Унагъуэрщ! Хэт и деж къыщыщIидзэр Хэкум? - Анэрщ! Сытым и деж къыщыщIидзэр Хэкум? - УзрапIыкIа гущэрщ... Дэтхэнэр къыжыпIэн, дэтхэнэр япэ ибгъэщын?!

Унагъуэм цIыхущIэ къызэрыхэхъуэным щыгуфIыкIыу гущапхъэ хихыну мэзым кIуа адэшхуэрщ си Хэкум и къежьапIэр. Япэ лъэбакъуэр ичащ жиIэу хьэлыуэ Iэнэ схуэзыуба анэшхуэрщ си Хэкум и къежьапIэр. Ущиемрэ гъэсэныгъэмрэ къызбгъэдэзылъхьа адэрщ си Хэкум и къежьапIэр... Дэтхэнэр жыпIэн, дэтхэнэр япэ ибгъэщын?!

Гущэкъур иIыгъыу анэшхуэм къыбжиIа уэрэдхэр. Жей IэфIхэм ухилъэфэхукIэ анэр къызыпхуеджа таурыхъхэр. Уи бзэр къиутIыпщу япэу къыупсэлъа анэдэлъхубзэр. Уи япэ егъэджакIуэм уигъэцIыхуа хьэрфхэр. Дэтхэнэр жыпIэн, дэтхэнэр япэ ибгъэщын?! Ауэ шэч зыхэмылъыжыр Хэкум и къежьапIэр цIыхум и унагъуэрауэ зэрыщытырщ.

Анэмрэ Хэкумрэ хуабжьу зызогъэщхь. Анэр зыщIэс унэм, анэм и щIакхъуэ хуабэм, анэм и Iэ щабитIым, и нэ гуапитIым, гумащIагъэкIэ гъэнщIа и псалъэм си гъащIэм къысхупащэ.

Хэкум и хьэуа къабзэм, Хэкум щежэх псыIэрышэхэм, Хэкум къыщыкI кхъужьIэрысейхэм, Хэкум къыщыхъу мэш бэвхэм, си Хэкум щыпсэу цIыхухэм си гъащIэр ирагъэфIакIуэ.

Сыхуейщ си Хэкур ефIэкIуэну, зы адэ-ани бынкIэ мыгузэвэну, мамырыгъэр си Хэкум щытепщэну, щIэблэ узыншэ къытщIэхъуэну, Хэкум епцIыж къытхэмыкIыну, си лъэпкъыр куэдрэ щыIэну!

БОРЫКЪУЕЙ Ислъам.

Си Хэку – си дуней

ЕфIакIуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,
Дызэрыгушхуэ, щIыхьыр зей!
Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,
Хэку – анэ дахэ, си дуней!

Джэдгъэф Борис.

Дэнэ деж къыщыщIидзэр Хэкум? Мыбы и жэуапыр цIыхуу дуней псом тетым зэмыщхьу къыуатыфынущ. Iуащхьэмахуэ телъ уэс зэнзэныпсу къабзэм, гъавэ къызыщыкI губгъуэшхуэ щхъуантIабзэм, къуршыпс уэрхэм я даущ макъым, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ щIыналъэм изопх сэ Хэкум и щIэдзапIэр.

Сэ си дежкIэ ар си анэм и ныбэм силъу зэхэсха псалъэ дахэхэрщ, абы и ужькIэ гущэкъу уэрэдхэрщ, япэ лъэбакъуэр щысча пщIантIэрщ, зэхэсха хъуэхъухэрщ, анэдэлъхубзэм и япэ псалъэр щызэхэсха жыхафэрщ. Си сабиигъуэм и гущэр щыщIаупскIа жылэжьыр, лъапцIэрыщэу ди пщIантIэшхуэм къыщыщызжыхьар, згъэгуфIэныр бзухэр си гуращэу – бжэндэхъу абгъуи ахэм щахуэсщIар. Нанэ и гъусэу щIым хэтлъхьа жылэхэр, си унэ дэкIуеипIэр. Си анэшхуэр абы тесу игъажэу щыгъэр махуэр зи кIыхьагъыр зыгъэкIуар. Нанэ и псалъэ дахэхэм пщэдджыжь къэс сыкъыдэушу зэрыщытар. Абы и бзэ гуапэр щабэу къызэдэхащIэурэ етхьэкIа си махуэхэр, си унагъуэр. Абы нэхъ лъапIэ сиIэнкIэ зэрымыхъунум шэч лъэпкъ къытесхьэркъым, сыту жыпIэмэ, а псом Хэкум и къыщIэдзапIэкIэ соджэри.

Анэр, Хэкур, бзэр къуэпс быдэкIэ
зэпхащ.

Си гум лъагъуныгъэу илъым я нэхъ IэфIыр, я нэхъ къабзэр, я нэхъ гуащIэр абыхэм яхузиIэ гурыщIэу зэрыщытым шэч лъэпкъ хэлъкъым.

Хэку... Сыту псалъэ IэфI, сыту дахэ!

Игу имыху адэ Хэкужьым хуиусащ мы сатырхэр КIыщокъуэ Алим и ныбжьэгъуфIу щыта серб усакIуэ цIэрыIуэ Черкез Владимир. Абы зэрыадыгэр зэи зыщигъэгъупщэртэкъым, хабзэ, нэмыс дахи хэлът.

Хэкур – ар уэшхышхуэм иужькIэ
къепсыж дыгъэ хуабэщ;
Жьыуэ тэджауэ, гъавэм елэжь
мэкъумэшыщIэрщ,
Бийм пэува зауэлIым хьэлу Iыхьэ
езыт анэщ.
Псынэ къабзэщ ар, зэрылъэлъу
дыхьэшх псыкъелъэщ,
Губгъуэм ит жыгей инщ ар,
зэщIэгъагъэ жыг хадэщ,
Къуалэбзухэм я уэрэдыр
зыщхьэщыт ныджэ инщ.
Хэкур – ар дэ ди унэрщ, ди жыг хадэрщ.
Ди гум ди адэжь хэкур сытым дежи
щопсэу!

ЦIыхур цIыху зыщIыжыр, лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр абы Хэкум хуиIэ щытыкIэрщ, къыдэгъуэгурыкIуэ лъагъуныгъэрщ: «Хэкум емыкIур къылъысмэ, псэр умылъытэу къыщыж».

Зы лъэпкъи щыIэкъым езым и Хэку имыIэжу, абы иримыпагэу, иримыгушхуэу, имыгъэлъапIэу. Дэнэ щIыпIэ ущымыIами, дэнэ укъыщыщIимыдзами, уи Хэкур пщыгъупщэ хъунукъым, ар сытым щыгъуи уи гум илъын хуейщ.

... Дэнэ сымыкIуами, сыпхуэфащэу
СыкъэкIуэжыфмэ, сыту сехъулIат!
Ди лъэпкъ нагъыщэу къуршхэм
я тхьэмадэ,
Узгъэпудмэ, къызэх пу нэлат!-
щыжеIэ Гъубжокъуэ Лиуан и усэм.

ПсэзэпылъхьэпIэ зэпэщIэувэныгъэхэм си адэ Дохъушыкъуэ Анзор зыкъыщигъэлъэгъуащ Хэкум и хъумакIуэу. Си адэр офицерщ, дамыгъэкIэ лейтенант нэхъыжьщ, 1980 гъэм Жэмтхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. IэнатIэ зэрихьэм къыпэрыкIыжу зэрытIысыжрэ илъэситхум нэблэгъауэ къэралым ириджащ 2022 гъэм и фокIадэм и 26-м, гъунэгъу щIыналъэм ди къэралым щригъэкIуэкI дзэ Iуэхугъуэ хэхам хэтыну. ЗэуапIэм Iухьащ взводым и командиру. Нэхъ гуащIэу, хэгъэзыхьауэ лэжьыгъэр щрахьэкIхэм ящыщу ягъэув Украинэм и Запорожскэ щIыналъэр. А щIыпIэрщ си адэр зэрыкIуэрэ здэщыIари. Окопэ бжыгъэхэр щIэкIащ я къарум, блиндажхэр къызэрагъэпэщащ. Я щIыпIэр, къэралыр хъумэным щхьэкIэ ятащ я псэр куэдым, гукъэкIыж дахэкIэ къытхутопсэлъыхьыж адэр а сэлэт хахуэхэм.

2024 гъэм и гъатхэпэм и 9-м си адэр уIэгъэ хъуащ, госпиталым зэман кIыхькIэ къыщыкIэлъыплъащ. Иджыпсту унэм щыIэщ, хуэм дыдэурэ и узыншагъэр зэтрегъэувэж. Си адэм лIыгъэ хэлъу и къалэныр нэгъэсауэ игъэзэщIащ. Зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Жуковым цIэр зезыхьэ медалыр. Хэкум щхьэкIэ бийм пэщIэуващ, псэемыблэжу ди къэралым и пщIэр ихъумэн хузэфIэкIащ. Сыт щыгъуи жеIэ икIи деущий: «УкъимыкIуэтыныр лIыгъэ фащэщ. ИпэкIэ уплъэмэ, ущыуэнукъым». Сыхуейт дэтхэнэ зыми зэхищIыкIыну Хэкум пэжагъкIэ бгъэдэтын зэрыхуейр.

Нобэ Хэкум и къыщхьэщыжакIуэу зи унагъуэхэр къэзыгъанэу, щIэблэр узыншэу дыкъэхъун папщIэ, бийм пэщIэувауэ ди Хэкур зыхъумэжхэм сыхуейт яжесIэну: «Фыдищапхъэщ, узыншэу псори фи унагъуэхэм факъыхыхьэжыну дыхуейщ. ЩремыIэ зауэ. Афэрым вжызоIэ, цIыхуу мы дуней псом тетым къабгъэдэкIыу. Фэ фхуэдэ адыгэ щIалэхэр диIэху, диIэнщ мамырыгъэр!»

ЩыIэкъым Хэку Iей. Хэкур, ущалъхуа щIыпIэр уэ зэрыбгъэдахэщ, зэрыбгъэлъапIэщ, хэплъхьэ къарумрэ лэжьыгъэмрэщ! Сыщалъхуа, сыщапIа, зэи зызыщызмыгъэнщI си щIыпIэрщ, си унагъуэрщ Хэкум къыщыщIидзэр.

ДОХЪУШЫКЪУЭ Камиллэ.

Хамэ Хэку сыщытхъэ нэхърэ...

Псоми зэрытщIэщи, дэтхэнэ зы цIыхуми Хэку иIэщ. Хэкур зищIысыр цIыхум иджыри сабийуэ зрегъащIэ.

Сыт-тIэ Хэкум къикIыр? Псом япэ Хэкур ар цIыхур къыщалъхуа, къыщыхъуа щIыпIэращ. Япэу зэрыжытIаращи, Хэкур иджыри сабиигъуэм къыщыщIедзэ. Сабийм а гурыIуэныгъэр адэ-анэм халъхьэ. А ныбжьым щитым деж сабийм ар зыхимылъхьэмэ, гугъу ехьынущ иужькIэ.

ЗэрытщIэщи, ди Адыгэ лъэпкъышхуэр тенджызитIым яку дэсу щытащ. Адыгэ куэд икIащ я Хэкум Кавказ зауэм и зэманым. Нэхъыбэм хэкIущIэ щагъуэтащ Тыркум, Иорданием, Ираным, нэгъуэщI гъунэгъу къэралхэми. Ауэ адыгэхэр дунейм сыт хуэдэу щызэбгрымыдзами, абыхэм ящIэ дэнэ щыIэми я Хэку дыдэр.

Псом япэрауэ, уи Хэкум и тхыдэр пщIэн, абы хуэфащэ цIыхуу узэрыщытыным иужь уитын хуейщ. Адыгэхэм яIэщ зы псалъэжь: «Хамэ Хэку сыщытхъэ нэхърэ – си Хэкужь сыщылIэ». Абы дытетын хуейщ хэкупсэу зызылъытэж дэтхэнэри.

ЖЫЛАУ Динарэ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАМБИЙ Линэщ.**

ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм щэкIуэгъуэм и 21-р телевиденэм и дунейпсо махуэу 1998 гъэм игъэуващ. Махуэшхуэр зэрагъэлъапIэрэ куэд мыщIами, телевиденэр къызэрежьэрэ илъэси 100-м щIигъуащ. Зэзэмызэ фIэкIа эфирым къимыхьэу екIуэкIыурэ, 1936 гъэм япэ дыдэу Великобританиемрэ Германиемрэ, 1941 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм теленэтынхэр зэпымыууэ къатын ирагъэжьащ. Ауэ, ХХ лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэрщ а Iуэхум дуней псом нэхъ шэщIауэ зыщиужьу щыщIидзар. Апхуэдэу хъуми, къэрал зыбжанэм телевиденэхэр къыщыщызэIуахар 60-70 гъэхэрщ.

● ЩэкIуэгъуэм и 21-р Телевиденэм и дунейпсо махуэщ

Мурад зи куэдхэр

НОБЭ, дауи, дунейм зы къэрали щыIэкъым телевиденэ имыIэу. Телекомпание нэхъ инхэм хабжэ CBC, NBC, ABC, BBC (США), ATV (Великобритание), РАИ (Италие), NHK (Японие), ЦДФ (Германие).

Урысей телевиденэм и тхыдэр 1930 гъэм къыщожьэ. 1932 гъэм япэ нэтыныр къатащ, 1937 гъэм япэ телецентрыр Шаболовкэ къыщызэрагъэпэщащ. 1939 гъэм къыщыщIэдзауэ нэтынхэр зэпымыууэ ягъэхьэзыр хъуащ. Япэ нэтыныр зытеухуар ВКП(б)-м и 18-нэ зэхуэсыр зэрекIуэкIауэ щытарщ.

Телевиденэм ди къэралым зыщиужьыным Хэку зауэшхуэр зэран къыхуэхъуащ, ауэ Шаболовкэ студием лэжьэн иригъэжьэжащ 1945 гъэм накъыгъэм и 7-м, дыгъэгъазэм и 15-м къыщыщIэдзауэ тхьэмахуэм тIэу нэтынхэр къыдэкIыу ящIат.

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар республикэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм я хъыбарыр, теплъэгъуэр бзищымкIэ (урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) телевизореплъхэм я пащхьэ илъхьэнырщ. 2004 гъэм абы и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр халъхьащ.

Къат хъыбарыщIэхэм щыщ дэтхэнэ Iыхьэри дакъикъитIым щIимыгъуу, гупсысэр зэгъэкIуауэ, купщIэ иIэу икIи гурыIуэгъуэу, еплъхэм яфIэгъэщIэгъуэну, операторым триха теплъэгъуэхэм ахэр хуэкIуэу ягъэхьэзыр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, иужьрей зэманым бзищымкIи программэ гъэщIэгъуэн куэд телевизореплъхэм я пащхьэ иралъхьэ зэрыхъуар. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр художественнэ нэтынхэрщ.

Зи гугъу тщIы IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр щIалэщ, щIэныгъэ ябгъэдэлъщ, щIэм хуопабгъэ. Абыхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэфын папщIэ Москва щрагъаджэ. А курсхэр къэзыуха цIыху зыбжани яIэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м музей къыщызэрагъэпэщащ. Абы щызэхуахьэсащ телевиденэр къызэрызэIуахрэ щылэжьахэм я сурэтхэр, IуэхущIапIэм игъэхьэзыра фильмхэмрэ къыдигъэкIа тхылъхэмрэ, урысейпсо зэпеуэхэм къыщахьа щIыхь, фIыщIэ тхылъ бжыгъэншэхэмрэ саугъэтхэмрэ. Гуузу яукIа журналист Геккиев Къазбэч и сурэтхэр щызэхуэхьэса плIанэпэ щхьэхуэ музейм хухахащ, и лэжьэгъухэм ар зэи зэращымыгъупщэнум и нэщэнэу.

Хабзэ дахэ хъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и телевиденэм илъэсым и кIэм проект гъэщIэгъуэн егъэхьэзыр. Абыхэм ящыщу цIыхухэм ягу дыхьащ «Адыгэ бзылъхугъэр уахътыншэщ» фильмыр, Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан теухуар. Испанием щытраха «Очарованный странник» фильмыр теухуащ ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэ КIыщ Мухьэдин. Быдэу ди фIэщ мэхъу лэжьыгъэ щIэщыгъуэкIэ мы гъэми дызэрагъэгуфIэнур.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК»-ри ди республикэм и хъыбарегъащIэ Iэмал лъэщу, политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, жылагъуэ Iуэхухэр наIуэу къэгъэлъэгъуэныр зи пщэ къыдэхуэ IэнатIэу зэрыщытыр. Федеральнэ, республикэ къулыкъущIапIэхэм, я Iуэху зехьэкIэм набдзэгубдзаплъэу зэрыкIэлъыплъым къыдэкIуэ, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэту, зэгурыIуэу зэдэгъуэгурыкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, къалэнышхуэ егъэзащIэ мы телевиденэм. Нэтынхэм, къанэ щымыIэу, укъызыхураджэр дахагъэрщ, гуапагъэрщ, нобэрей махуэм тхуримыкъущи, уеплъынкIэ гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ.

Зэманми гъащIэми я хабзэхэм куэдкIэ тещIыхьащ телевиденэр. Телеканал къулейхэм ещхьу, техникэ IэмалхэмкIэ къызэмыгъэпэщами, IуэхущIапIэм и унафэщIхэр хущIокъу зэрефIэкIуэным, эфир зэманым зэрыхагъэхъуэным.

Дэтхэнэ зы телеканалми и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэр хъыбарегъащIэ лэжьыгъэращи, а къудамэм и лэжьыгъэр фIы дыдэу зэтегъэува хъуащ. Абы куэдым гу лъатэ.

Адыгэ, урыс, балъкъэр къудамэхэм псоми нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр мымащIэу яIэщ, тхьэмахуэ, мазэ къэс цIыху гъэщIэгъуэнхэм, IуэхущIапIэ пэрытхэм, хабзэ-бзыпхъэ телъыджэхэм, шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэм, нэгъуэщIхэми хухахыу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЛIыгъэщIапIэ итащ

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» щIыналъэ фондым дзэ Iуэху хэхам хэтахэм яхуищI гулъытэр зэпыуркъым.

ФОНДЫМ зыкъыхуигъэзащ СВО-м хэта, ныкъуэдыкъуагъэ хэзыха Дзыгул Ислъам. Абы IуэхущIапIэм зыхуигъэзащ дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтам щыхьэт техъуэ дэфтэрыр, СВО-м хэт цIыху щхьэхуэхэм зэуIуу ират ахъшэр Iэрыхьэным теухуауэ.

Дзыгул Ислъам 1989 гъэм накъыгъэм и 10-м Налшык къыщалъхуащ. Налшык дэт школ-гимназие №4-р къиуха нэужь, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ ищхъэрэ къэрал институтым щIэтIысхьащ, «Театрымрэ киномрэ я актёр» IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. ИужькIэ, дохутыр – пульмонолог IэщIагъэм щыхуеджащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Риоров Н. Н и цIэр зезыхьэ институтым.

СВО-м щIидза нэужь, Хэкум къыщхьэщыжыныр нэхъапэу къилъытэри 2022 гъэм дыгъэгъазэм щегъэжьауэ, 2023 гъэм и мэлыжьыхь пщIондэ дзэ Iуэху хэхам лIыгъэщIапIэ щитащ. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм ебгъэрыкIуэ отрядым и взводым и командиру щыIащ. Абы зыкъигъэлъэгъуащ зауэлI къимыкIуэту, лIыгъэ хэлъу, ерыщу. Къыхуагъэфэщащ «Хахуагъэм папщIэ», «Артёмовкэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Бахмут къызэращтам папщIэ» медалхэр, «УIэгъэ зэрыхъуам папщIэ» дамыгъэр, нэгъуэщIхэри.

2023 гъэм Бахмут деж щекIуэкIа зэхэуэм ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Дзэм зэгурыIуэныгъэкIэ зэрыхыхьам и пIалъэр иухри, и унэм къигъэзэжащ.

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» щIыналъэ фондым зыхуигъэза нэужь, абы и дэфтэрхэр ягъэхьэзырри икIэщIыпIэкIэ ирагъэхьащ Москва абы теухуауэ щыIэ комиссэм. Иджыблагъэ Ислъам къыIэрыхьэжащ дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтам и щыхьэт тхылъыр. Фондым и лэжьакIуэ Бузд Алинэ ветераным и дэфтэрхэр Къалэн куэд зыгъэзащIэ центрым иригъэхьри, дэIэпыкъуныгъэу къыIэрыхьапхъэ ахъшэ зэрыIыгъри, дзэ Iуэху хэхам фэбжь зэрыхихамкIэ дэфтэрри къратащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Я псэупIэр ирагъэфIакIуэу

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къэралым лэжьыгъэ щхьэпэ куэд ирегъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ зыщ зауэлI ныбжьыщIэхэм я псэупIэр егъэфIэкIуэнымкIэ къыхалъхьа Iуэхур. Ар зэрагъэзэщIэнум щытепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым вице-премьерхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм.

«ДЗЭ Iуэху хэхам хэт щIалэгъуалэм ящыщу зи псэупIэр егъэфIэкIуэн хуейхэм мылъкукIэ защIэдгъэкъуэнущ. Абы и лъэныкъуэкIэ къэрал гулъытэр япэу а щIалэхэм ялъыдгъэсынущ. ЗэрызащIэдгъэкъуэну ахъшэр къащэхуну псэупIэм и уасэм и Iыхьэ щанэ хъунущ», - жиIащ Мишустин Михаил.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, ахъшэр ипотекэр зэхуэпщIыжынымкIэ е япэ ахъшэр хэплъхьэнымкIэ щхьэпэ хъунущ.

Мишустин Михаил тепсэлъыхьащ Правительствэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъуну нэгъуэщI Iэмалхэми. Абы щхьэкIэ къэрал программэм зыхуэныкъуэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм адэкIи зэрызыщIагъэкъуэнум теухуауэ унафэ пыухыкIахэр къызэращтэнур.

И шынагъуэншагъэр щIегъэбыдэ

Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа пресс-конференцым Тыркум и президент Эрдоган Реджеп Тайип щыжиIащ Урысейм зэхъуэкIыныгъэхэр зыхилъхьэжа ядернэ доктринэр НАТО-м иригъэкIуэкI Iуэхухэм зэрыпэджэж Iэмалу зэрыщытыр.

«УРЫСЕЙМ иджыпсту къигъэлъэгъуа щытыкIэмкIэ и шынагъуэншагъэр щIигъэбыдэу аращ. НАТО-м и унафэщIхэр егупсысауэ хэплъэн хуейщ апхуэдэ лъэбакъуэм къишэнкIэ хъунум», - жиIащ абы. Апхуэдэуи дыщIигъужащ зэрызихъумэжын къарукIи IэщэкIи Урысейр фIы дыдэу къызэрызэгъэпэщар.

ЩэкIуэгъуэм и 21, *махуэку*

♦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сэлам зэхэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Бухгалтерым и махуэщ**

♦**1951 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт Маргъущ Анатолэ.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градус 0 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 22, *мэрем*

♦**Къуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Психологхэм я махуэр**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Аззэмэт**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ и артист **Иуан Владимир**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкIэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.**

«Налшык губампIэ»

Налшык къалэ библиотекэ №10-м щекIуэкIащ литературэ зэIущIэ. «Жан» литературэ клубым хэтхэр тепсэлъыхьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Чэрим Марианнэ и «Налшык губампIэ» романым. Мыр тхакIуэм и етIуанэ тхылъщ, «ЛIы иримыкъу» романым и ужькIэ къыдигъэкIауэ. Марианнэ икIи зэдзэкIакIуэщ. Мы гъэм абы зэридзэкIауэ дунейм къытехьащ Ибсен Генрик и «Къупщхьэ гуащэ унэр».

● ТхылъыщIэ

- Лэжьыгъэшхуэщ, купщIэ хэлъщ, щIэджыкIакIуэм и гум къопсэлъыкI дызытепсэлъыхь тхыгъэшхуэр. Сэ усэ зэрыстхым къыхэкIыу, япэу гу зылъыстар усакIуэм и гурыгъухэр, усэр къызэрыкIуэр нэсу къызэрыщыгъэлъэгъуарщ. Усэм и Iуэхум щегъэжьауэ, узытепсэлъыхьынрэ гъащIэм къеппхынрэ куэду хэлъщ. ТхакIуэм и лIыхъужьхэр къегъэщI, къегъэпсэу, дегъэцIыхури, гъуэгу трегъэувэ. Япэ Iыхьэхэм абыхэм езыр ябгъурыту, нэхъ ятепсэлъыхьу къригъажьэми, иужьым лIыхъужьхэр хуит ещI, еутIыпщри IуэхущIафэкIэ зыкъагъэлъэгъуэну Iэмал ярет. Си жагъуэ мэхъу зэманым пэджэж мыпхуэдэ романышхуэ дунейм къытехьами, абы тепсэлъыхьын куэд зэрыщымыIэр. Аращ нэхъри мыпхуэдэу дызэIущIэныр жэрдэм щIэсщIар. Дэ къыщIэддзэмэ, адэкIи тхыгъэм теухуа гупсысэхэр зэхэтхыну къысщохъу.

Марианнэ литературэм и пIалъэр ещIэ, художественнэ тхыгъэм и фIагъи зыхущыщIи нэсу къелъагъуф. АтIэ апхуэдэ зэхэщIыкI зиIэр езыр тхыгъэшхуэкIэ литературэм хэувэным тегушхуэныр тыншу къысщыхъуркъым сэ. Iэмал имыIэу и гупсысэхэр къыпкърыкIын хуейуэ къыхигъэзыхьауэ къыщIэкIынущ, - жиIащ Къанықъуэ Заринэ.

Чэрим Марианнэ курыт еджапIэм зэрыщригъэджам, абы ирагъэкIуэкIа дерс щIэщыгъуэхэм, и егъэджакIуэ-ущиякIуэу щыта, иджы и лэжьэгъум и хьэл-щэн дахэхэр романыми зэрыхилъэгъуам и гугъу ищIащ НэщIэпыджэ Замирэ.

- Марианнэ сригъэджащ урысыбзэмрэ литературэмкIэ. И дерсхэр къызэрыгуэкIтэкъым, щIэщыгъуэу сыт щыгъуи дыдригъэхьэхырт. Урыс литературэм и мызакъуэу, хамэ къэрал литературэри фIыуэ дигъэлъэгъуащ. Ар сэ куэду сэбэп къысхуэхъужащ университетым сыщIэтIысхьа нэужь – хамэ къэрал литературэмкIэ дызэджэн хуейуэ къыдатхэр сэ щIэзджыкIагъэххэт. ЕгъэджакIуэ нэсу зэрылэжьам хуэдэ дыдэу, «Адыгэ псалъэ» газетым къэува нэужь, Марианнэ журналист лэжьыгъэми зыкъыщигъэлъэгъуащ хъэтI щIэщыгъуэ зиIэ, зи гупсысэхэр гурыIуэгъуафIэ, зи псалъэхэр куу, зи тхыгъэхэр псоми къахэщ журналисту.

Тхылъым и гугъу пщIымэ, ар ди зэманым къезэгъыу гъэпсащ. ЛIыхъужьхэм я хьэл-щэныр щызэфIигъэувэм, дэтхэнэми уигу къизынэн гуапагъэ гуэр кIэрилъхьащ. Абы езы Марианнэ и дуней тетыкIэ дахэр хызолъагъуэ – цIыхум фIыуэ хэлъырщ япэу къилъыхъуэр. Апхуэдизу гъащIэм щыщщ мы романри, пхуэмыгъэтIылъу укъоджэ. Сэ мыбы куэдым сащыIущIэжащ ипэжыпIэкIэ сцIыхуу. Абыи тхакIуэмрэ щIэджыкIакIуэмрэ гъунэгъу зэхуещI - жиIащ Замирэ.

- «Налшык губампIэм» щекIуэкI Iуэхугъуэхэр гъащIэм узыщрихьэлIэ защIэщи, дэ, щIэджыкIакIуэхэр, дыхохьэ тхыгъэм. Догузавэ, допIейтей, къэхъунум дыпоплъэ. Лэкъум зыгъэжьэ бзылъхугъэхэм я деж дыкъохутэри, абы я уэршэрым дыщIодэIу, псалъэм щхьэкIэ. ГъэщIэгъэунщ лIыхъужьхэри. Ахэр идогъапщэ ди хъуреягъым щытцIыхухэм – хэт ди гъунэгъум, хэт IуэхукIэ дызыпыщIа гуэрым, хэти зи хъыбар зэхэтхахэм идогъэщхь, - жиIащ Шардан Лилианэ.

- Чэрим Марианнэ и «Налшык губампIэ» тхылъыр езы тхакIуэм и псэ къабзагъэрэ и дуней тетыкIэ дахэрэ къэзыгъэлъагъуэ тхылъщ. Егъэлеяуэ Iуэхугъуэ куэд щызэпкърихащ: цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр, гухэлъыр, адэ-анэмрэ бынымрэ я зэпыщIэныгъэр, литературэмрэ усыгъэмрэ, нэгъуэщI куэди. Тепсэлъыхьынуи, тетхыхьынуи, хэIэбэнуи ди зэманым и тхакIуэхэр зытемыгушхуэ дин Iуэхури мыбы нэIурыту щызэпкърыхащи, абы зытхам и псэ къару хэлъу къыщIэкIынущ.

СфIэфIу сакIэлъыплъащ лIыхъужьхэм. Дэтхэнэми кIэрилъхьащ зыгъэщхьэхуэ щэнхэр. Щыуагъэхэр зыIэщIэкI, хьилагъэ гуэрхэр зыдэплъагъухэми яхилъхьащ гугъэ езыгъэщIыж фIагъи. ЛIыхъужьхэм я хьэл-шэнхэр зэтещIыпыкIауэ къытхуиIуатэркъым тхакIуэм. ЩIэджыкIакIуэм Iэмал ирет абыхэм ятеухуауэ езым и гупсысэ иухуэжыну. Ар сюжетым дежкIэ мыхьэнэ гуэри зимыIэу къыпщыхъу IуэхущIафэ гуэркIэ, щIагъыбзэкIэ е лIыхъужьхэм я зэпсэлъэкIэм къыхэдубыдыкI псалъэ шэрыуэхэмкIэ къыдгурегъаIуэ. Дэтхэнэ лIыхъужьми щхьэхуэу укъытеувыIэ хъунущ. ТхакIуэм романым лIыхъужь нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуащ Iэсхьэд. Сэ, псалъэм щхьэкIэ, мыбы нэхъыщхьэу зы къыхэзгъэщхьэхукIынутэкъым. Ахэр зыбжанэ мэхъу, - жиIащ романым теухуауэ Гугъуэт Заремэ.

ЗэIущIэм хэтхэр тхылъым тепсэлъыхьащ, тхакIуэм упщIэхэр иратащ. Ахэр щIэупщIащ романым и фIэщыгъэм, лIыхъужьхэм я цIэхэм, абыхэм яхуигъэгъу гуэрхэр щIахуигъэгъум, нэгъуэщIхэми.

- ЦIыхум уи гур хуэутIыпщауэ, фIагъ хэлъым гу лъыптэным нэхъ утетауэ щытмэ нэхъ къезэгъыу къызолъытэ. Зы цIыхум и хьэлщэным нэхъ узыгъэбампIэ дыдэу хэлъыр и фIагъ нэхъыщхьэу къыщыщIидзыжи къохъу куэдрэ, гъащIэм нэхъ пызыщIэ дыдэри арауэ. ЛIыхъужьым зыужьыпIэ етынми мыхьэнэ иIэщ, ар хэмытмэ хьэлэмэткъым тхыгъэр. Псалъэм папщIэ, «Анна Каренинэ»-м къыхэщыж Вронскэр хэт фIы дыдэу илъагъуу, хэт илъагъу мыхъуу къыщIокI. Мыхьэнэншэу зэ къыпфIэщIым и фIым гу лъыптэныр е сыткIи фIыуэ къыпщыхъуми дагъуэ гуэр иIэнкIэ зэрыхъунур къэбгъэлъэгъуэныр къызогъэзэгъ. ГъащIэм узригъэувэ щытыкIэхэм къепшэлIэжын хуейщ гупсысэхэр, – жиIащ Марианнэ и лIыхъужьхэм якIэрилъхьа щэнхэм теухуа упщIэм пэджэжу.

Романым емыджауэ, литературэ уэршэрым едэIуэну гупыж зыщIу зэIущIэм къекIуэлIахэм Мариаэ и тхылъхэр тыгъэ яхуищIащ.

НАФIЭДЗ Данэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ПащIэр инми, жьакIэр щIиуфэркъым.

Ахъшэу къаIэрыхьэм хохъуэ

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кърииубыдэу республикэм и цIыхухэм псори зэхэту ахъшэу къахэхъуам и куэдагъыр сом меларди 100,5-рэ хъуащ икIи ар процент 17,3-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

ЦIЫХУМ къыIэрыхьэ ахъшэмкIэ ерыскъыуэ, хьэпшыпу къыхуэщэхунум, Iуэхутхьэбзэу зыхуригъэщIэфынум, н.къ. и куэдагъым проценти 9,5-кIэ хэхъуащ. Налогхэр, щIыхуэхэр, ссудэхэр, н. къ. хэкIауэ, инфляцэми тещIыхьауэ, цIыхум ипэжыпIэкIэ Iэрылъхьэу къыIэрыхьэ ахъшэр проценти 10,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ЛэжьапIэ Iутхэм я улахуэм процент 22,3-кIэ хэхъуащ. Апхуэдэу щыхъукIэ, социальнэ Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ абы хатыкI ахъшэри проценти 2,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

2024 гъэм и щIышылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм кърииубыдэу республикэм и цIыхухэм ахъшэу ягъэкIуэдащ (ерыскъым, щыгъыным, хьэпшыпхэм, Iуэхутхьэбзэхэм, налогхэм, н.къ. щIата псори къызэщIиубыдэу) сом мелард 98,9-рэ икIи ар зэпалъытыж нэгъабэрей пIалъэм елъытауэ процент 15,4-кIэ хэхъуащ. Абы щыщу хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ – сом мелард 92,3-рэ яхуэзащ (процент 15,4-кIэ).

ЦIыхухэм ерыскъым, хьэпшыпхэм, н.къ. трагъэкIуадэ ахъшэр нэхъ мащIэ зэращIам къыхэкIыу, фейдэ къащIащ сом мелард 1,7-рэ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ процент 43,8-кIэ нэхъыбэщ ар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ПфIэмыфI IэщIагъэм уримылажьэ

Щэкlуэгъуэ мазэм нэхъ хъыбар щIэщыгъуэу къызэринэкIыр США-м щекIуэкIа президент хэхыныгъэм Трамп Дональд и кIэн къызэрыщикIарщ. «Америкэр аргуэру щэджащэ щIыжын» къыхуеджэныгъэм щIэту утыку ихьа политикыр, хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу иIа, иджыпсту зи президент пIалъэр нэзыгъэс Байден Джо и вице-президент Харрис Камалэ текIуэри, Унэ Хужьым илъэсиплIкIэ щылэжьэн хуитыныгъэр зыIэригъэхьащ.

ДЭТХЭНЭ IэнатIэри къащти, ар зезыхьэ цIыхур уигу ирихь-иримыхьым емылъытауэ, зэрихьэ къулыкъум хуэфащэрэ хуэмыфащэрэ умылъагъункIэ Iэмал иIэкъым. Зи гугъу тщIыр политикыу щытмэ, и къэралыр ихъумэжыфрэ, цIыхухэр игъэтыншрэ? ЕгъэджакIуэмэ, сабийхэр фIыуэ иригъаджэрэ, фIыуэ закъригъэлъагъуфрэ? ПщафIэу щытмэ, и ерыскъыр гурыхь, зэгъ? ХьэрычэтыщIэмэ, хэхъуэ иIэ, къыхэхъуэ мылъкур къабзэ?

Америкэм дунейпсо цIыхубэр езым и жылэм зэрыщIигъэтым къыхэкIыу, псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Трампрэ Харрисрэ я зэпэщIэтыныгъэр зэриухынур. «Сэ президенту сыщытамэ, дунейм зы зауэ къыщыхъунутэкъым, екIуэкIхэри сыхьэт бжыгъэм къызгъэувыIэнут», - зэрыжиIамкIэ Трамп гугъэ куэд къигъэушат. Мелардрыбжэ политикыр президенту зэ щытащ, и телъхьэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, иджыпсту зи пIалъэр нэзыгъэс Байден и лъэныкъуэхэм пцIы ямыупсамэ, етIуанэ хэхыныгъэми щытекIуар Трампт.

Политикым и къару нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэрщ. Захуэми къуаншэми, къыпэщIэувахэр зэрыригъэкIуэтын Iэзагъ къызыкъуэзыхыфыр и IэнатIэм хуэфащэу Iутщ – апхуэдэущ псори зэреплъыр. И гъащIэ гъуэгум нэхъ пасэу дызэрытепсэлъыхьам къыхэкIыу, нобэрей къыдэкIыгъуэм Трамп и жылэгъуэ нэхъ цIэрыIуэхэр щызэхуэтхьэсащ, адыгэхэм зэрыжаIэу, и щхьэм ильыр къэтщIэн папщIэ. Удэплъеинуи зумыпэсынуи ухуитщ, ауэ политикэри ди гъащIэм пэIэщIэ пхуэмыщIыжыну и Iыхьэу щыщыткIэ, абы щызекIуэ хабзэхэри тщIэну щхьэпэщ. Арацщи, додаIуэ Америкэм и президентыщIэм и гупсысэхэм. Ахэр кърахащ политикым и тхылъхэм: «Трамп зэи зитыркъым», «Нэхъыбэм щIэхъуэпс», «Мелард зиIэм ещхьу гупсысэ», «ЕхъулIэкIэ Iэмал», «Бей ухъун папщIэ, япэрей махуэ 90-м пщIэнур», къинэмыщIхэр.

- ЕджапIэ нэхъыщхьэ къэбухмэ, куэзыр щIэхуа пIыгъыу аращ. Уемыджэнуи ухуитщ, сэ куэд соцIыху зыщIыпIи щемыджа пэтми, зыхуейр зыIэрагъэхьэфауэ. Ауэ университет диплом ущиIэм деж, абы фэ гуэр къыптрегъауэ: «Мы цIыхум зыгуэр зригъэхулIэфащ». А Iэмалым бжэ куэд къызэIуех.

- Зэи зыгъэпсэхугъуэ (отпуск) къыумыщтэ. Сыт зэрыпщIынур? Уи лэжьыгъэм уигу химыгъахъуэмэ, уздэщIыр пхъуэжын хуейуэ аращ. Сэ топ сыщыджэгум дежи ахъшэ къызолэжь.

- Япэрауэ, къепхьэжьа Iуэхум сыт хуэдизу уримыхьэжьэми, уи гум жиIэм едаIуэ, ар тхылъымпIэм екIуу зэритым уигъэбэлэрыгъынкIи хъунущ. ЕтIуанэрауэ, зи Iуэху зепхуапхъэр фIыуэ зыхэпщIыкIырщ. Ещанэрауэ, языныкъуэхэм деж ахъшэ хыумылъхьам нэхъ фейдэшхуэ къыщихь къохъу.

- «ЗэманыфI» псори ипэкIэ гугъу зэрызебгъэхьам и Iэужьщ. Нобэ узэлIалIэм пщэдей уигъэгуфIэжынущ. Пщэдей уи Iуэхур фIы хъуну ухуеймэ, нобэ абы и жылэр хэсэ. Зы дакъикъэ закъуэкIэ убэлэрыгъмэ, и щIыбагъкIэ уимыкIуэтыжыпIэ иIэкъым.

- УкъыщIэгубжьым и щхьэусыгъуэр IупщIу зэхэгъэкI. Иныкъуэм деж ар Iэмалыншэщ, Iуэхур ипэкIэ кIуэтэн папщIэ. НэгъуэщIхэм деж екIуэкIыр къызэрыбгурымыIуэм и нэщэнэщ.

- Хьэрычэт Iуэхум хъыжьэу ухэтмэ нэхъыфIщ, ткIийуэ, декIуэкIыгъуейуэ ущыт нэхърэ.

- ТекIуэныгъэм я нэхъ иныр къыщыпIэрыхьэр псым ущыдэсейкIэщ.

- Дэ цIыху гъэсауэ зыкъытщыхъужу аркъудейщ. ИпэжыпIэкIэ дунейр ерущ, цIыхухэр гущIэгъуншэщ. КъыпхуэгуфIэ защIурэ къощакIуэ. Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэхэр мэмэжалIэри, адрейхэр яукI, цIыхухэм зэрыукIыурэ я зэш трагъэу. Ныбжьэгъухэр нэгъунэ хьэзырщ уи щIыбым сэ къыхаIуну: уи IэнатIэри, уи унэри, уи фызри, уи ахъшэри, уи хьэри нэгъунэ къыптрахыну мэпабгъэ. Бийхэр нэхъеижитIщ. Уи щхьэр пхъумэжыфу ущытын хуейщ. Сэ сызытетыр зыщ: «НэхъыфI дыдэхэр лэжьакIуэу къащти, зыми дзыхь хуумыщI».

- УзэрыгубзыгъэмкIи, узэреджамкIи, куэдым зэрыхэпщIыкIымкIи Iуэхур зэфIэкIынукъым. Уи закъуэ Iуэхур зэфIэбгъэкIын хуэдизкIэ зэи Iущагъ пхурикъунукъым. Псори уи закъуэ къэпщIэфынукъым. Апхуэдэу къызыфIэщIыр зыри къызэмыхъулIа цIыхуу къэнэжынущ.

- Iуэхушхуэ къепхьэжьэфын папщIэ, уи акъылыр зэгущу щытын хуейщ. ЗыхэпщIэри къыбгурыIуэри хьэлъэу, уи щхьэр ежьарэ пэт, зыми утемыплъэкъукIыу. ХьэрычэтыщIэ нэхъ Iэзэхэм аращ нэхъ къару лъэщу ядэслъагъур.

- Ушынэу зыми зыкъыумыгъэлъагъу. Узытетым тет, уигурэ уи щхьэрэ зэрызэтелъыр къэгъэнаIуэ, адэкIэ зэрыхъу ирехъу.

- Сэ къабзагъэр зи нэрыгъ бзаджэхэм сащыщщ, ахъшэр зытебгъэкIуэдэфыну псом нэхърэ нэхъыфIу къызолъытэ ар. Псалъэм папщIэ, уи машинэр пщэжыну мурад пщIарэ ар птхьэщIыным, и кIуэцIыр бгъэцIууным, и щIыIур бгъэлыдыным текIуэдэну долларитхум ущымысхьамэ, доллар щиплIкIэ нэхъ лъапIэу пхуэщэнкIи хъунущ ар. Фэ зытет хьэпшыпым сытым дежи доллар лей уи жыпым къригъэхъуэнущ.

- Бей ухъуну щыIэ IэмалитIыр цIыху пэжу ущытынымрэ Iуэхум хэпщIыкIынымрэщ. Журналхэмрэ телевиденэмрэ къыпфIагъэщIхэр уи фIэщ пщIы хъунукъым. Зыри тыншкъым, абыхэм зэрыжаIэм хуэдэу. ГъащIэр дэгъэзэигъуэщ, цIыхухэм удынышхуэхэр хахыу. Арацщи, утекIуэну ухуеймэ, бдзапцIэм хуэдэу быдэу ущытын хуейщ, IэфракIэрэ IэштIымкIэ улэжьэфын хуэдэу.

- Сэ жэщым сыхьэтыр зым деж согъуэлъыж. Сыхьэтитхум сыкъоушри, газетыщIэхэм соджэ. Зызгъэпсэхун папщIэ нэхъыбэ сыхуейкъым, абы и фIыгъэкIэ нэхъыбэм сыхунос.

- Iуэху гугъухэр зэфIэбгъэкIыфу зебгъасэмэ, цIыхухэм ахъшэшхуэ дзыхь зыхуэщIыпхъэхэм ухабжэнущ.

- Сытым дежи уигу игъэлъ: зэрызыпхуэпэн хуейр уиIэну узэхъуапсэ лэжьыгъэм елъытауэщ, иджыпсту уиIэм елъытауэкъым.

- ЛэжьапIэм щыбгъэкIуа сыхьэт бжыгъэракъым мыхьэнэ зиIэр, абы ущыIэху зэфIэбгъэкIар зыхуэдизырщ.

- Къыздэлэжьэну хуэмейр си гупым хэтыну зэи сыщIэхъуэпсакъым. Фигу иримыхь лэжьапIэм фыIумыт. ГъащIэр кIэщIщ, лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Уигуи хэзымыгъахъуэ, фейдэи зыхуимых IэнатIэм ущIыIутын щыIэкъым.

КъулыкъущIэ хахуэ

ЛIыгъэ зепхьэнумэ, зэманыр зэран хъуркъым. Сыту жыпIэмэ, хахуэкIэ уэзджэнур цIыхур зэса гъуэгу пхэнжым къытезышыфырщ, и гур езыр зыщымыгугъыжым къыхуэзыгъэушырщ, хэкIыпIэ езыгъэлъагъурщ.

ВОЛОГОДСКЭ областым и губернатор Филимонов Георгий жэрдэм къызэрымыкIуэкIэ утыку къихьащ. Зи унафэ зэрихьэ щIыналъэм цIыхукIэ иIэ хэщIыныгъэм и нэхъыбэр фадэм къызэрыхэкIыр бжыгъэхэм и фIэщ ящIа нэужь, абы унафэ къищтащ я областым фадэр жэщ-махуэм щыщу сыхьэтиткIэ фIэкIа ящэну хуимыту. Унафэм къыпэщIэувахэр зэрыкуэдым нэхърэ нэхъ щыхьэт наIуэ ухуейтэкъым ар зэрызахуэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Арати, губернаторыр и щхьэкIэ цIыхубэм я пащхьэ къиувэри, апхуэдэ унафэр къыщIищтам и щхьэусыгъуэм псоми зэхахыу тепсэлъыхьащ.

«Сэ тхыгъэ куэд къысIэрохьэ мы унафэщIэ къэтщтам, Вологодскэ областым фадэр сыхьэт бжыгъэ пыухыкIакIэ фIэкIа щемыгъэщэным теухуам, и мыхьэнэр къагурызгъэIуэну къызэльэIуу, - жиIащ Филимоновым. – КъывгурызогъаIуэ икIи сынывольэIу адрейхэм жаIэр фи фэщI фымыщIыну.

Мыр фIыуэ дегупсысу къэтщта унафэщ. Фадэр нэхъ мащIэу зэредгъэщэн Iуэхур щыпхыдгъэкIыну хабзэщIэ догъэхьэзыр. Щхьэусыгъуэр наIуэщ: Вологдэм и Iэгъуэблагъэмрэ Урысей Ищхъэрэмрэ цIыху цIыкIур щызэтолIэ. Зы илъэс закъуэм и кIуэцIкIэ ди областым цIыху мини 7,5-рэ дунейм щехыжащ. Мы бжыгъэхэр шынагъуэщ. Зы щIыналъэ псо хуэдиз мэхъу абыхэм къызэщIаубыдэ цIыху бжыгъэр. Ди хэкуэгъухэм я процент 71-р зэрылIыкIыр фадэрщ е фадэм къиишэ узыфэхэрщ: панкреатит, гууз, тхьэмщIыгъу уз зэфыкIхэр, ефауэ рулым дэтIысхьэхэр, чэфу унэм щызэфIэнэу зэрыукIыжахэр, къинэмыщIхэр.

Фадэр нэрыгъ зыхуэхъуа узыфэ зиIэхэм я бжыгъэр илъэсым и кIуэцIкIэ процент 30-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ЦIыхухэр никъуэдыкъуэ щыхъури щыхэкIуадэри зауэ IэнатIэракъым. Я унэ щIэсыжу фадэм йолIыкI. Фадэ зыIуамылъхьэн и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэр щызэралъытым, Вологдэ щIыналъэм напэтехыу 71-нэ увыпIэр къихьащ. Ауэ щыхъукIэ, иужьрей илъэсиплIым фадэ зыщэ тыкуэнхэм я бжыгъэр тIукIэ, щыкIэ бэгъуащ. Лъэбакъуэ къэс уащыIуоуэ абыхэм. ЦIыхухэр нэхъыбэу щIэтхьэусыхэр «къигъэхъуапIэ» зыфIаща, жэщым цIыхухэр щрагъафэ къуэгъэнапIэхэрщ.

Дэ деплъыфыркъым ди цIыхухэр зэрызэтекIуадэм. Езыхэм я узыншагъэми зэран хуохъу, къащIэхъуэ щIэблэми узыфэхэр яIэу дунейм къытохьэ. Деплъыфыркъым убакъуэмэ узыхуэзэ фадэ тыкуэнхэм я деж щIалэгъуалэр зэтрихьауэ зэрыщызэхэтым, ахъшэ нэхъыбэ къалэжьын мурадкIэ цIыхубэр зэрагъэунэхъум».

Апхуэдэ щIыкIэу утыку къихьэри, Филимоновым цIыхубэм къагуригъэIуащ Iуэхур зыIут дыдэр, апхуэдэ унафэ ткIий къамыщтэмэ, щIыналъэр узымрэ фадэм илIыкIынымрэ къызэрыIэщIэмыкIыфынур.

«Куэдрэ къысхувотх ди деж куэд къызэрыIэпхъуэм, урыс къалэхэм зэрызахъуэжым, хамэхэр къызэрыдэтIысхьэм теухуауэ, - жиIащ къулыкъущIэм. – Ауэ цIыхубэр зауэм щыIэм хуэдэу зэтелIэмэ, зыгуэр къимытIысхьэнкIэ Iэмал иIэкъым ахэр щыпсэуа щIыпIэм. Хэт-тIэ ди Хэкум щыпсэунур? Араци, унафэ къэтщтащ блыщхьэм щегъэжьауэ мэрем пщIондэ, фадэр сыхьэт 12-м къыщыщIэдзауэ 14 пщIондэ я зэхуакум фIэкIа ящэну хуимыту. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэми, илъэсыщIэми, махуэшхуэхэми зэрыщытам хуэдэу къонэж. Дэ я гугъу тщIыркъым ресторанхэм, кафехэм, бархэм, хьэщIэщхэм, ахэр зытетам къытенэнущ. Дэ къыдгурымыIуэу щыткъым туристхэр къетшэлIэн папщIэ, фадэ дымыщэххху зэрытхуэмыщIынур. ХабзэщIэ къэтщтэм Вологдэм щыпсэухэм я псэукIи, я шхэкIи ихъуэжыркъым. Мыр щабэ дыдэу мыхъумыщIагъэм дызэрыпэщIэувэ Iуэхуу аркъудейщи, дызытехьэ илъэсыщIэм и гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ, унафэр ягъэзэщIэн щIадзэнущ Вологодскэ областым и Хабзэубзыху собранэм и арэзыныгъэкIэ.

Ди Iэр зэтедзауэ дыщыс хъужынукъым. Сэ сыщогугъ щытыкIэр къызыфIэIуэху хэкуэгъухэм Iуэхур къыздаIыгъыну, Урысейр фIыуэ зылъагъухэм сакъыгурыIуэну».

Ди республикэм и гугъу тщIымэ, иджыблагъэ «Газета Юга»-м къытрадзащ зы цIыхум хуэзэу яща фадэм и бжыгъэр. Ар къегъэлъагъуэ «Финэкспертиза» IуэхущIапIэм. 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу къызэрабжамкIэ, КИФЩI-м хыхьэ республикэхэр фадэ нэхъ мащIэу къыщащэхухэм хабжащ. Ингушым зы цIыхум хуэзэу аркъэ гуащIэ литр 1,3-рэ щащащ, Дагъыстэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэм – зы цIыхум хуэзэу литр 1,1-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым – литр 1,5-рэ. Зыри щамыщэххауэ къыщIэкIащ Шэшэн республикэм.

Урысейм зы цIыхум хуэзэу фадэ нэхъыбэ дыдэ щащауэ къыщIэкIар Карелиерщ - абы зы цIыхум литр 12 щыхуозэ. Урысейр зэрыщыту къапщтэмэ, ику иту зы цIыхум литри 5,8-рэ щыхуэзэу къапщытащ.

● ДифI догъэлъапIэ

Илъэс 70-кIэ зы IэнатIэм

Щэкlуэгъуэм и 17-м Налшык щагъэлъэпIащ зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъу, КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэу щыта, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Думай Борис.

ДУМАЙ Борис 1934 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэм зэдапIырт къуитIрэ хъыджэбзитIрэ. Абы и гъащIэр матэщIэдзауэ ирихьэкIакъым. И адэ Щыхьым хъарпшэру фIэкIа ищIэжыркъым - фронтым дашри зы илъэс нэхъ дэмыкIыу зэуапIэ губгъуэм и псэр щитащ. Анэм къыхуэнат зым нэхърэ адрейр нэхъ цIыкIуу сабииплI. Ахэр имыгъэмэжэлIэн, зыхуей хуигъэзэн папщIэ фызабэу къэна Назифэ и фэм дэкIам ущIэмыупщIэ. Нэхумыщу колхоз губгъуэм ихьэрт, и сабийхэр хэти щхьэукъуэу, хэти жеижауэ къыщыдыхьэж куэдрэ къыхуихуэрт. ГуфIакIэкIэ нартыху тIэкIу а здэщыIэм кърихырт, ар Iэ щхьэл цIыкIукIэ ихьэжырти арат и быным яригъэшхыр.

- Зы махуэ гуэрым школым щеджэу хъуар классхэм дыкъыщIашащ. ЕгъэджакIуэхэм, дэрэжэгъуэр я нэгум кърихыу, сатыру дагъэуври «зауэр иухащ, текIуэныгъэр къэтхьащ, фыкIуэжи фи унагъуэхэр вгъэгуфIэ», жари дыкъаутIыпщыжащ, - игу къегъэкIыж Борис, - ар фIы дыдэу сощIэж. Арати, жэрыгъэкIэ сыдэлъэдэжри ди анэм жесIащ зауэр зэриухар. Абдежым ди анэр къыщиудри гъуэгащ «хэт мыгъуэ фэ къыфхуэкIуэжын, фи адэр фиIэжкъым», жери.

Борист сабииплIым я нэхъыжьри, анэр губгъуэм итыхукIэ унагъуэ къалэным и нэхъыбэр и пщэ къыдэхуэрт. Iэжьэ цIыкIуукIэ мэзым кIуэурэ пхъэ къишэрт. Абы щыгъуэми дзэлымрэ екIэпцIэмрэ цIынэти, мафIэ щIэнэртэкъым. Сыт ящIэнт, я лъапсэр къызэрыухъуреихьа бжьхьыр ячатхъэурэ ар мафIэщIагъэст ящIырт. Апхуэдэурэ щIымахуэр ирахырт. Гъатхэм, аргуэрыжьти, чы къишэурэ бжьхьыр ихужырт, и анэр щыхущIыхьэм дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуурэ. Абы нэмыщI, сыт хуэдиз гугъуехь пылът сотых 40 хъу хадэр лъапэкIэ къэтIыным. А хадэм кърахымрэ я жэмым къыщIаш гъэшымрэт зауэ нэужь зэманым унагъуэр зыщыгугъыр, зыкъуэпсэукIыр. КъищынэмыщIауэ, сыт хуэдиз гугъуехь пылът нартыхур хьэжыным. Шэджэм тIуащIэм дэт щхьэлым нэс ишэрт нартыхур, махуэ псом пэплъауэ, чэзур къылъымысу тIорэ-щэрэ щыкIэлъыкIуэ къыхуихуэрт. Апхуэдэу пасэу лэжьыгъэм ипсыхьащ щIалэ цIыкIур.

Школ нэужьым, 1955 гъэм, Думайр щIэтIысхьащ мафIэсгъэункIыфI IэнатIэм и лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыру Харьков дэт училищэм. Ар къиухыу къигъэзэжа нэужь, МВД-м и къудамэу Лэскэн куейм щыIэ мафIэсгъэункIыфI IуэхущIапIэм лэжьэн щыщIидзащ инспектор къызэрыгуэкIыу. Мо IэщIагъэгъэлI гумызагъэр, зи пщэ дэлъ къалэныр тэмэму езыхьэкIыр драгъэкIуэтейуэрэ мафIэс Iуэхум пыщIауэ республикэм и МВД-м хиубыдэ управленэм и нэхъыжьу ягъэуващ. Абы илъэсихкIэ пэрытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м и министрым и къуэдзэ къалэныр и пщэ къыдалъхьэ икIи пенсэ кIуэхункIэ а IэнатIэр зэрехьэ.

МафIэсгъэункIыфIхэм я унафэщIу щыщытами, министрым и къуэдзэу щылэжьа илъэсхэми Борис Iуэху щхьэпэу зэфIигъэкIар куэд мэхъу. МВД-м и Iэтащхьэм и къуэдзэу щагъэувам абы и пщэ къыдэхуат мафIэсгъэункIыфI IэнатIэ къызыпэрыкIам и нэIэ тетын хуейуэ, къимыдэкIэ тутнакъэщхэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъынуи, ухуэныгъэ, финанс Iуэхухэри и къалэным хыхьэрт. А IэнатIэхэр зыхуей хуэзэн папщIи лъэкI къигъэнакъым. Уеблэмэ ухуэныгъэ Iуэхум нэхъ кууэ щыгъуазэ зищIын папщIэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, абы къиухащ ди универстетым хэт ПГС факультетыр.

Тутнакъэщым и лэжьакIуэхэм, абыхэм тезыр щызыхьхэм папщIэ Думайм и нэIэ щIэту яухуащ сымаджэщу тIу, а IэнатIэм щылажьэхэр зышIэсыну казармэ, фэтэр пэплъэу чэзум щыт лэжьакIуэхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Налшык къалэм Горькэм и уэрамым тет сымаджэщыр езыгъэухуари аращ. МафIэсгъэункIыфIхэм я нэхъыжьу щыщыта илъэсхэм а IэнатIэм пыщIауэ районхэм щыIэ IуэхущIапIэхэри щIэрыщIэу зэригъэпэщыжащ, уеблэмэ къуажэ зыкъомым апхуэдэ унэхэр щригъэухуащ.

Борис пенсэм кIуа нэужь, МВД-м и унафэщIхэм яфIэкъабылтэкъым жэуапышхуэ зыпылъ IэнатIэхэр екIурэ ещхьу зезыхьэ лIыр лэжьыгъэншэу къагъэнэну. ГъэщIэгъуэнрами, «мыпхуэдэ IэнатIэ удгъэкIуэну ди мурадщ къыщыжраIам», арэзы мыхъуа пэтми, Налшык къалэ исполкомым зэхуэс щызэхашэри езыр щIэмысу хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м и ветеранхэм я республикэ советым и тхьэмадэу. ИкIи а IэнатIэр зэрихьащ илъэс 30-кIэ. Абы щыпэрыта зэманым Борис зэкъым-тIэукъым сызэрыхуэзар, я IуэхущIафэм сыт щыгъуи сыщыгъуазэу сыкъэгъуэгурыкIуащ. Милицэм и ветеранхэм я жылагъуэ советхэм я лэжьыгъэр къыщапщытэкIэ къэрал псом куэдрэ бжьыпэр щиубыдащ Думайр зи нэхъыжь IуэхущIапIэм. А лэжьыгъэр и пщэ дэлъыху, милицэм хэтауэ сыт хуэдиз цIыху Борис сэбэп, щIэгъэкъуэн зыхуэхъуар - санаторэ гъэкIуэн, сымаджэщым щIэгъэгъуэлъхьэн, хущхъуэ е нэгъуэщI гуэр хуэныкъуэм дэIэпыкъун жыпIэми.

- Улъэрытету, уи акъылыр жану илъэс 90 къэбгъэщIэныр мыбдей щылъкъым,- жеIэ Думайм иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэу хаха Пыхъ МуIэед, - и насыпщ абы - сыт хуэдизу гугъу емыхьами, иIуэтэжащ: къуитI ипIащ, и быным я быныж илъэгъуащ, пщIэшхуэ иIэу дэтхэнэ IэнатIэри зэрихьащ. Си щхьэкIэ абы и сэбэпышхуэ къызэкIауэ щытащ сыщIалэу милицэм сыщыхыхьам щыгъуэ. МВД-м щылэжьауэ, илъэс 90 хъуауэ нобэ республикэм диIэр цIыхуищ къудейщ. Сыхуейт нобэ хабзэхъумэ IэнатIэм Iут дэтхэнэ зыми а лIищым къагъэщIам нэхърэ мынэхъ мащIэ къагъэщIэну. Псори зытеухуэжар Борисщи, си гуапэу ди шынэхъыжьыфIым сохъуэхъу узыншагъэкIэ гукъеуэ имыIэу, и чэнджэщ къыдихьэлIэу иджыри дяпэ куэдрэ итыну.

Илъэс 70-кIэ Думайр пэрытащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм. Хэкум хуэпэжу и къулыкъухэм зэрыбгъэдэтам къыпэкIуэу, абы къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэ зэхуэмыдэхэр. Думайм кърататщ Невский Александр и орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и медаль 2-нэ нагъыщэ зиIэр, , «СССР-м и МВД-м и щIыхь зиIэ лэжьакIуэ» цIэри къыфIащащ. Абыхэм нэмыщI щытхъу тхылъу иIэр куэд дыдэ мэхъу.

НэхъыжьыфIыр щагъэлъэпIа зэIущIэм хэтащ республикэм и МВД-м и къудамэу районхэм щыIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министр Крючков и цIэкIэ зэIущIэм хъуэхъу псалъэ щыжиIащ икIи саугъэт къритащ МВД-м и лIыкIуэ, подполковник Сыжажэ Азэмэт.

Думай Борис пщIэшхуэ иIэу зэрылэжьам, IэнатIэ Iумытыжми, ар ноби зэращымыгъупщэм и зы щыхьэтщ гуфIэгъуэ Iэнэм дыщысыхукIэ абы и деж цIыху Iэджэ къызэрыпсэлъар, уеблэмэ абыхэм яхэтащ нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщу генералитI.

Ди гуапэщ зи гъащIэр лэжьыгъэшхуэкIэ гъэнщIауэ езыхьэкIа, хабзэхъумэ IэнатIэм Iута куэдым щапхъэ яхуэхъуа нэхъыжьыфIым хужаIа хъуэхъу псори нэхуапIэ хъуну, абы кърихьэлIахэм зэрыжаIащи, илъэси 100 щрикъу махуэм узыншэу нэсу игъэлъэпIэну.

САУТ СулътIан.

ГушыIэр зи Iэщэ

Дуней псом «Марк Твен» цIэмкIэ къыщацIыху Клеменс Самуэл ди дежкIэ гъэщIэгъуэн зыщI Iуэхухэр зыбжанэ мэхъу. ГушыIэр зэбэкI тхакIуэ Iэзэу зэрыщытам нэмыщI, ар икIи газетхэм щылэжьащ, абы къыхэкIыу ди IэщIагъэм дзыгъуэ гъуанэ дихьа къыщимыгъэнауэ къэплъытэ хъунущ.



«ДЭ ПСОРИ Гоголым и «Шинель»-м дыкъытепщIыкIащ», - жиIэгъащ зэгуэр Достоевский Фёдор. ЗыгуэркIэ абы ещхьщ Фолкнер Уильям Твен Марк хужиIари: «ИпэжыпIэкIэ япэ америкэн тхакIуэкIэ уэзджэ хъунур Твен Маркщ. Дэ псори абы дрищIэблэу аращ». Урыс тхакIуэхэм ящыщу Твен и цIэр фIыкIэ кърагIуэрт Горький Максимрэ Куприн Александррэ.

Твен къыщалъхуа махуэр хуозэ щэкIуэгъуэм и 30-м. Аращ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ тщIар 1935 гъэм США-м и Миссури штатым дунейм къыщытехьа тхакIуэр нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхун щхьэкIэ. ТхакIуэхэр бзэ куэдкIэ мэгушыIэ. Зэм ар ауанщ, зэм шыпсэщ, зэми фельетонщ. А псори къызэщIиубыдащ Твен, ауэ нобэми цIэрыIуэ дыдэ зыщIыр «Финн Гекльберри къыщыщIахэр» тхылъырщ. Хемингуэй Эрнест зэрыжиIэмкIэ: «Америкэн литературэр зэрыщыту а тхылъым къитэджыкIащ». Илъэс куэдкIэ Америкэм щекIуэкIа хужь-фIыцIэ зэхэгъэжыр гъащIэм къызэрыхэщар IупщIу уи нэгу къыщIигъэхьэу апхуэдэт а «сабий тхылъкIэ» зэджэу балигъхэм яхуэзэрымыгъэгъуэтыр. Дауи, къэралыгъуэм и гум ежалIэ псоми ещхьу, а тхылъми пэувар мащIэтэкъым. АрщхьэкIэ къикIуэт зымыщIэ Твен абыхэм япидзыжащ: «Гек пхъэнкIийм хэлъыну фIэкIа хуэмыфащэу къызыщыхъухэм я хьэтыркIэ, тхылъ мин 25-рэ хуэдиз тщэнщ».

Журналисту зэрыщытам и фIыгъэкIэ Твен цIыхубэ зэхэтыкIэм фIыуэ щыгъуазэт, ауэ сыт хуэдэ зэмани хутыныгъэмрэ зэхуэдэныгъэмрэ щIэбэну къэгъуэгурыкIуащ. Езым къызэриIуэтэжымкIэ, Твен Марк цIэ-унэцIэр абы иджыри щыщIалэм къыхихащ. И мыхьэнэкIэ ар «и кууагъыр метритIым фIокI» жыхуиIэу, хым тет кхъухьхэм къыщагъэщхьэпэ терминщ, щIалэр абы щыгъуэм кхъухьыпщым и дэIэпыкъуэгъуу лажьэрт.

НэгъуэщI Iуэху еплъыкIи щыIэщ Твен и псевдонимыр къыздрихам теухуауэ. 1861 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ «Ищхъэрэ вагъуэ» гушыIэ тхыгъэр. Абы лIыхъужь нэхъыщхьэу хэта щIалэм и цIэр Твен Маркти, гушыIэ шэрыуэр егъэлеяуэ фIыуэ зылъагъу Клеменсым а цIэр и литературэ фащэу къищтащ.

Дэ тхакIуэхэр ди нэгум къызэрыщIэувэр Iэнэ дахэм бгъэдэсу, шэнтиуэ щабэм исху тхэуэщ. Ауэ а цIэр ипэжыпIэкIэ зыхуэфащэм и псалъэм и къарур гъащIэ мытыншым къыхех. Хэт зэхэзымыхар Твен Марк и «Том Сойер къыщыщIахэр» сабий тхылъ цIэрыIуэр? «Дадэкъуапэ» зыхужаIэхэм хуэдэщ абы хэт щIалэ цIыкIур. Езы тхакIуэм и сабиигъуэр а тхылъым къыщигъэлъэгъуауэ къалъытэ. Зэкъуэшиблым щыщу псэууэ къэнар плIы къудейти, Твен и къуэш нэхъыжьым газет къыдигъэкIын щыщIидзэм, езыр абы япэщIыкIэ хьэрфхэр къищыпу уващ. Хуэмурэ тхэн щIидзащ. Къуэш нэхъыжьыр зыщIыпIэ щежьэкIэ, ныбжьыщIэм щхьэхуимыту газетым къытрадзэн тхыгъэ игъэхьэзырын хуей хъурти, щIэджыкIакIуэхэм хуэмурэ гу лъатащ нэхъ жьы зыщIэт тхыгъэхэр Твен и къалэмыпэм къызэрыщIэкIым.

Пэжми бгъэдэлъхьэкIэ щхьэхуэ иIэжщ. Твен литературэ цIэрыIуагъ къыхуэзыхьа япэ тхылъыр «Калаверас щыщ хьэндыркъуакъуэ цIэрыIуэр» зыфIища тхылъырщ. «Америкэм къыщыдэкIа гушыIэ тхыгъэхэм я нэхъыфI» щытхъур къыIэрыхьа нэужь, 1866 гъэм Твен здэува газетым Гавайи хытIыгум командировкэ игъэкIуащ. Абы къритхыкIыурэ газетым къытрадзахэр апхуэдизкIэ хэIущIыIу хъуати, Америкэм къэкIуэжа нэужь, Твен лекцэхэм къеджэу, штатхэр къызэхикIухьын щIидзащ. ЦIыхухэм я пащхьэ ихьэхуи, и пщIэр хэхъуэу фIэкIа къимыжакъым, шэрыуэу псалъэу зэрыщытамкIи тхыдэм къыхэнащ.

Твен Марк адыгэ тхыбзэм къыщызыгъэпсэлъар Дудар Хьэутийщ. 1963 гъэм абы зэридзэкIауэ щытащ «Пацтыхьыкъуэмрэ факъырэмрэ» романыр.

Тхылъым еджэну гукъыдэж зиIэхэм ар къыщагъуэтыфынущ Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ..

Сурэтыр **Ардавэ Тамарэ** *трихащ.*

ЛэжьакIуэшхуэт икIи цIыху нэст

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм фэеплъ зэIущIэ купщIафIэ щекIуэкIащ иджыблагъэ. Ар ирагъэхьэлIащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, илъэс 24-кIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлажьэ «Хэку» IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу илъэс 15-кIэ лэжьа, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамэм и тхьэмадэ къалэнхэр илъэс куэдкIэ зыгъэзэщIа Ефэнды Джылахъстэн Къасым и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъу махуэм. Ар 1924 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м Аушыджэр, пасэм ДыгъужьыкъуейкIэ зэджэу щыта жылэжьым, къыщалъхуат. Илъэс 95-рэ псэуауэ 1919 гъэм и дыгъэгъазэм ар дунейм ехыжащ.

ЗЭIУЩIЭМ зыкърагъэхьэлIат къулыкъущIэхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, Джылахъстэн дэлэжьахэмрэ абы и IуэхущIафэм пщIэ хуэзыщIхэмрэ, и малъхъэхэу Бэджрэт Тобийрэ Къумыкъу Вячеславрэ, Ефэндыхэ Феликсрэ Татьянэрэ, и пхъурылъхухэмрэ абыхэм я бынхэмрэ, нэгъуэщIхэми.

IуэхущIапIэм щеджэ и пэшышхуэм щагъэува тIысыпIэхэм я щIыбагъкIэ къыдэтщ Ефэнды Джылахъстэн теухуа гъэлъэгъуэныгъэ. «Ди щэнхабзэм и цIыху гъуэзэджэ» зыфIащам и бгъуитIымкIэ къыщытщ абы и гъащIэ гъуэгуанэр уи нэгум къыщIэзыгъэувэ псалъэухахэр фIэщыгъэ зыхуащIа («Къэбэрдей-Балъкъэрым и къулыкъущIэу щыщыта илъэс 25-р», «ГъащIэшхуэм и илъэсхэр», «Щапхъэ зытепхыну къэзылэжьа цIыху», «Хэмыгъуэщэжын лъагъуэ къэзыгъэна») дапхъэхэр. Абыхэм тетщ Джылахъстэн и тхылъхэр, и сурэтхэр, езым теухуауэ зэгуэр газетхэм, журналхэм къытехуа тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэди. ЖыпIэнурамэ, цIыхушхуэм IуэхущIафэ дахи зэриIар, цIыхубэм пщIэ хуащIу зэрыщытар абыхэми зэIущIэм къыщыпсэлъахэм я жыIэми къегъэлъагъуэ.

ЛэжьакIуэшхуэу икIи цIыху нэсу дунейм тета нэхъыжьыфIым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ, зыпэрыта IэнатIэхэмрэ абыхэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ, къэрал псом къыщалъытэу зэрыщытамрэ езым и цIыху хэтыкIамрэ, нэгъуэщI куэдми зыубгъуауэ и гугъу ищIащ библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ. IуэхущIапIэм и хьэщIэхэм я цIэ къриIуащ, гъуэрыгъуэурэ къэпсэлъапIэри хуит яхуищIын щIидзащ. Апхуэдэу япэу псалъэ иритащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Джылахъстэн иджыри лажьэу ирихьэлIа дэ дощIэж ар цIыху зэпIэзэрыту, хьэлэлу, абы щыгъуэми IэнатIэ и лъэныкъуэкIэ тIэкIуи пхъашэу зэрыщытар. Зэи идэнутэкъым щэнхабзэм и Iуэхур дэмыкIыу, абы и лэжьакIуэхэм лей къатехьэу. ЩэнхабзэмкIэ министрым и Iэ къызыпекIуэкIыну, пхигъэкIыфыну зыри къигъэнакъым абы, - жиIащ Хьэутий. - Лъэныкъуэ куэдкIэ и гугъу пхуэщIынущ Ефэндым, ауэ пцIы зыхэмылъыжыр зыщ: ерыщу щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта щIалэм и акъылыр хуигъэлэжьащ къызыхэкIа лъэпкъым, къыщалъхуа щIыналъэм, фIыкIэ къыщыгугъ зы цIыхуи зэримыгъэщIэхъуным хущIэкъуу псэуащ. Ар икIи къехъулIауэ къызолъытэ абы. Дригушхуэу я гугъу дощI а зэманым Джылахъстэн иригъэщIауэ щыта ухуэныгъэ телъыджэхэм, Музыкэ театрым щегъэжьауэ ЩэнхабзэмкIэ унэ куэдым я деж щыщIэкIыжу. Ди артист дызэрыгушхуэхэр къалэшхуэхэм игъакIуэурэ зэрыригъэджар-щэ?! Жэщ-махуэкIэ и гугъу пщIыми пхуэухынукъым а зы цIыхум хуэзэфIэкIамрэ зригъэхъулIэфамрэ, нэхъыщхьэращи, къэрал псом къыщацIыхурт, пщIэ къыщыхуащIырт, и жыIэ къыщалъытэрт. Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэгъэпэщынми хэлIыфIыхьащ Ефэнды Джылахъстэн, Къалмыкъ Юрэ я пашэу а нэхъыжьыфIхэм зэхагъэува хабзэм, зэхъуэкIыныгъэшхуэ имыгъуэтауэ, нобэр къыздэсым тету мэлажьэ ди IуэхущIапIэр. ЖаIэ зэпхъуэкI мыхъун цIыху щымыIэу, ауэ етIуанэу къамылъхужыным хуэдэхэри дунейм тетщ. Мис а етIуанэхэм ящыщт зи фэеплъыр зэи тщымыгъупщэн Джылахъстэн Къасым и къуэр.

УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СКГИИ-м и профессор Гъэсашэ Наталье хужиIэн и куэдт Ефэнды Джылахъстэн. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, Африкэ Ищхъэрэм и къэралхэм тIэунейрэ щыIащ Наталье Джылахъстэн зи пашэ гупым, «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым и гъусэу. Ежьэгъуэ къэси дилъэгъуар министрым хуумыгъэфэщэн набдзэгубдзаплъагъэрэ цIыхугъэрэщ. «ПхъуантIэм дэлъу иIыгът абы хущхъуэ нэгъунэ, зыгуэркIэ сымаджэ дыхъумэ къыдихьэлIэнымрэ дызригъэхъужынымрэ ищIэрт, - жеIэ Наталье. - Зы репетицэ къанэртэкъым ар къыдэмыплъу, ди утыку итыкIэм ехьэлIа гуэрхэм гу лъыдимыгъэтэжу. Лъэ1у гуэркIэ зыхуэзыгъэзауэ лъэкIым хуэдиз къыхуимыщIэу игъэщIэхъуаи къысхуэщIэжыркъым, гулъытэшхуэ хэлъти езыри къалъытэрт».

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Джэш ФатIимэ гуапэу тепсэлъыхьащ Джылахъстэн и унагъуэр зэрицIыхум, и щхьэгъусэ Ири, и хъыджэбзхэу Маринэрэ Ольгэрэ я гъусэу щIалэхэр къызэрыхъуари, и пхъурылъху Къумыкъу Азэмэт и ехъулIэныгъэхэм зэрыщыгуфIыкIым къыдэкIуэу и щIалэм и щIэгъэкъуэныфIу ар зэрыщытри къыхигъэщащ ФатIимэ.

УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Дау Марианнэ жиIащ пасэу Джылахъстэн къызэрицIыхуар, Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэр игъэхьэзыру еджапIэ игъэкIуауэ щытахэм зэращыщыр, хуабжьу зэрыхуэарэзыр, и цIыху щIыкIэр, и гуп хэтыкIэр зэи зэрыщымыгъупщэнур, нэгъуэщI гуапагъэ Iэджи. «Си адэ-анэм яужькIэ, си дежкIэ Хэкур къыщыщIидзэр Джылахъстэн и дежщ», - жиIащ абы.

- «Кабардинка» ансамблым Ефэндым хуищIам хуэдиз хуилэжьауэ зы цIыхуи дунейм теткъым, - жиIащ УФ-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Шортэн Аллэ. - Си гъащIэр зыубзыхуар Джылахъстэнщ жысIэмэ егъэлея хъунукъым. Университетым и инджылыз факультетым сыщIэсу репетицэ гуэрым нрихьэлIащ Ефэндыр, Аронов Евгений, Ульбашев Мутай сымэ. Си къэфэкIэр ялъэгъуа иужь къызэджэри къызэупщIащ Африкэм сыкIуэну сыхуейрэ сыхуэмейрэ. Илъэс 17-м ит хъыджэбз цIыкIуу, къэралым и гъунапкъэхэр зэхуэщIауэ хэтыт хамэ къэрал кIуэну хуэмейр?! Си адэм и гуапэ хъуатэкъым, ауэ сиутIыпщащ.

Джылахъстэн хуэгъэза фIыщIэ псалъэщ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей театрым и артисткэ Хьэмыку Жаннэ утыкум къизышар. «Сэ школыр къыщызух илъэсым Москва ягъэкIуэну адыгэ студиер къыхашырт, си насып къэрихьэкIри, а гупым сыхэхуащ. Щукиным и цIэр зезыхьэ еджапIэ нэхъыщхьэм ди гъусэу нэкIуахэм яхэтт заводхэм, фермэхэм щылэжьа, артистыгъэр зищIысыр зымыщIэ куэд. НтIэ, фи фIэщ зэрыхъун, ди ужькIэ иджыри гупитI зэуIуу щеджащ къалэшхуэми, ди студием и закъуэщ зэдэууэ, кIэрыху къытхэмыту къэзыгъэзэжар. Ар зи фIыщIэр Джылахъстэнщ. КъыткIэлъыплъащ, щIэх-щIэхыурэ нэкIуащ, лъэпкъым худиIэ фIылъагъуныгъэр къэзыгъэушари, диплом лэжьыгъэу къэтшэжа спектакли 7-ми я щыгъынхэр тхуезыгъэдари Джылахъстэнщ. ЖыпIэнурамэ, хуэзэфIэкI къигъэнакъым лъэпкъым дыхуигъэхьэзыру адыгэ театрым дыкърисыжын папщIэ», - жиIащ Жаннэ.

Джылахъстэн и хъыджэбзхэм, абыхэм я унагъуэхэм къабгъэдэкIыу къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIа иужь, абы и пхъурылъху Бэджрэт Лалинэ жиIащ хуабжьу и дадэм зэрыхуэзэшыр, и ущиехэм зэрыхуэныкъуэр, къахилъхьа гъэсэныгъэмрэ цIыхугъэмрэ зэи IэщIыб зэрамыщIынур, адэшхуэм и фэеплъыр зэрахъумэнур. «Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, си щIалэр абы и лъагъуэм хуэфащэу ирикIуэн папщIэ слъэкI къэзгъэнэнукъым», - жиIащ абы.

ЛъэпкъылIыр зэранабдзэм, абы и гъащIэр зэрагъуазэм, зэращапхъэм къытеувыIащ Ефэнды Феликс. Дэри ди гуапэщ а лъэпкъым и нэхъыжьхэр хуэузыншэну, Джылахъстэн хуэдэ цIыхушхуэ дяпэкIи къыхэкIыну.

ИСТЭПАН Залинэ.

IэщIагъэм къыхиха щIыхут

● Гъэлъэгъуэныгъэ

СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музей Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ Горлов Михаил и гъэлъэгъуэныгъэ, ар псэужамэ, илъэс 70 ирикъуну зэрыщытам теухуауэ къызэрагъэпэщар.

IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщI Ремхен Еленэ къызэрыхигъэщамкIэ, IэдакъэщIэкIыу щитIым нэблагъэ утыку кърахьащ, сурэтхэр, тхылъ графикэхэр, инсталяцэхэр, каллиграфиехэр, езым и тхылъхэр зэригъэдэха лэжьыгъэхэр, нэгъуэщI куэди хэту. «Дэтхэнэми езым и псэм фIэфI, и гум дыхьэ гъэлъэгъуэныгъэм къызэрыщигъуэтынум шэч хэлъкъым», - жиIащ Еленэ.

Япэ псалъэр иратащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Тау Ритэ**.

- СурэтыщI, график, тхылъхэр дахэу зыгъэщIэращIэу щыта, усакIуэ Горлов Михаил и фэеплъыр дгъэлъэпIэну, и IэрыкIхэр иджыри зэ зэдгъэлъагъуну дыкъыщызэхуэсащ музейм, - жиIащ абы. - Фэ фщыщхэм я нэхъыбэм яцIыхуу щытащ Михаил, куэдрэ гъэлъэгъуэныгъэхэм дыщрихьэлIэрт, езым и пшыхьхэми дыхэтт. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Михаил цIыху Iущт, къыбжиIэн и куэдти, удэуэршэрыну гухэхъуэт. И IэщIагъэм хуэIэижьу зэрыщытар наIуэ пщызыщI зэIущIэщ нобэрейр. Си гущIэм къыщагъэуш хуабагъэм, дахагъэм хуэдэкIэ фыфейхэри къулей ящIыну си гуапэщ мы лэжьыгъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Текуев Амурбий къыхигъэщащ Горловым и гуащIэм фIы дыдэу зэрыщымыгъуазэр, ауэ утыку къэрахьа IэдакъэщIэкIхэм зэратхьэкъуар. «И цIэ къраIуэу зэрызэхэсхымкIэ, и лэжьыгъэу си нэгу щIэкIхэмкIэ шэч къытезмыхьэу схужыIэнущ ар зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхуу зэрыщытар, гъуазджэм езым и лъагъуэ зэрыщыхишыжар, и лъэужь къызэрыхинар. И усэхэри щыхьэт тохъуэ зэрысурэтыщIыр имыгъэгъуащэу адрейхэм къащхьэщызыгъэкI гупсысэкIэ щхьэхуэ зэриIам», - жиIащ Текуевым.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ къыхигъэщащ мы гъэлъэгъуэныгъэр Горловыр щIэблэм ящымыгъупщэн папщIэ тхуэщIэну мащIэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. ФIыщIэ яхуищIащ Михаил и гуащIэр хъумэным телажьэ, мы пшыхьыр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа и щхьэгъусэ Надеждэ, и ныбжьэгъу пэжхэм, музейм и лэжьакIуэхэм.

- Нобэ дэ дыхэтщ Михаил куэдрэ зыпэплъа и гъэлъэгъуэныгъэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, илъэгъуакъым. Куэдрэ утыку къэрихьащ абы и IэдакъэщIэкIхэр, ауэ жыпхъэ псомкIи щIа лэжьыгъэхэр мыпхуэдэу зэуIуу налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ зэи ялъэгъуакъым. Сэ фIыуэ сцIыхут Горловыр: «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм незгъэблагъэри, илъэсихкIэ дызэдэлэжьащ, дгъэхьэзыр къыдэкIыгъуэхэр игъэщIэращIэу щытащ. Лэжьыгъэ куэдыкIей дунейм тетщ Михаил зэрейр ямыщIэу, я нэхъыфIхэри тхылъхэр зэригъэдэхахэм зэращыщым щыхьэт сытехъуэфынущ. ЦIыхухэр къепщIэкIырт Михаил, и гукъэкI гъэщIэгъуэнхэр зригъэхъулIэрт, хилъхьэрт и лэжьыгъэхэм, аращ ахэр нэхъри нэхъ телъыджэж зыщIар, - жиIащ тхакIуэ, унейт тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор.

Апхуэдэуи зэIущIэм къыщыпсэлъащ тхакIуэ, сценарист, журналист Терехов Игорь, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Колкутин Андрей, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием щIыхь зиIэ и академик, КIыщ Мухьэдин и арт-директор Мосс Жаклин Дианэ сымэ.

И щхьэгъусэ Горловэ Надеждэ жиIэн и куэдт. Ар тепсэлъыхьащ Михаил и IэдакъэщIэкIхэм зэрыхущытым, и гуащIэр къызэрилъытэм, и цIыху щIыкIэм, зэуэзэпсэу зэрытхэкIыжам. Илъэс 45-кIэ зыдэпсэуа и щхьэгъусэм къигъэна щIэиныр нэсу зыхэзыщIэ бзылъхугъэм фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм, ар къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм, пэжкIэ Михаил бгъэдэта, ноби и фэеплъыр зыхъумэ и ныбжьэгъуфIхэм.

Къэпсэлъахэм жаIар ди гъуазэу, Горловым и IэдакъэщIэкIхэм иджыри зэ дахоплъэж. Музейм и пэшхэр яуфэбгъуащ Горловым и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм. Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщащи, абыхэм яхэплъэгъуэнущ жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, ауэ дэтхэнэми сурэтыщIым и псэ зэрыхилъхьар къапщIэу хэти хуабэщ, гуапэщ, хэти гуныкъуэгъуэр къыпхыщу нэщхъейщ. ТIум хуэдэхэри плъыфэбэщ, а плъыфэхэм я зэхэлъхьэкIэращ зи гугъу тщIы псэкупсэ щытыкIэр зыубзыхур. Горловыр зыцIыхуу щытахэм сащыщщ сэри, гущIыхьэ тщыхъуат зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ лIы узыншэр ковид уз зэрыцIалэм 2021 гъэм щихьам, и къару илъыгъуэу, зэуэзэпсэу. Куэд къэнащ абы хузэфIэкIыну щытауэ, и щхьэгъусэми зэрыжиIащи, сурэт щIыным и мызакъуэу, къурш лъагэхэм дэкIын хъуэпсапIэри щIыгъужу.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мэзыр дывгъэхъумэ!

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ «Мэзыр дывгъэхъумэ» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз фондым жыгыщIэ цIыкIуу мин 268,5-рэ къыхэхъуащ, илъэситхум къриубыдэу мелуан 1,4-рэ щыхасащ.

КЪЭРАЛЫМ и мэзхэр зэтегъэувэжыным ехьэлIа урысейпсо зэщIэхъееныгъэр ирагъэжьащ 2019 гъэм икIи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытыр илъэситхум къриубыдэу УФ-м и щIыналъэхэм жыгыщIэ мелуан 70 щыхэсэнырщ, мэзхэм къыщыхъу мафIэсым, нэгъуэщI Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэм я зэранкIэ кIуэда жыг бжыгъэр зэтегъэувэжынырщ, дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэнырщ.

А Iуэхугъуэр къезыхьэжьахэмрэ абы хэтхэмрэ нобэкIэ яхуэзэфIэкIащ жыгыщIэ цIыкIуу мелуан 65-р къэралым и щIыналъэхэм щагъэтIысын. 2024 гъэр и кIэм нэсыху УФ-м и щIыналъэ 85-м жыгыщIэ мелуани 5 иджыри щыхасэнущ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ «Мэзыр дывгъэхъумэ» къэрал пэхуэщIэм иджыри илъэситху дыщIагъуащ икIи, 2025 - 2030 гъэхэм къриубыдэу къэралым и щIыналъэхэм жыгыщIэхэр щыхасэным къыдэкIуэу, нэхъ пасэу хиубыдахэми якIэлъыплъыжынущ, мэзхэм нэхъыбэу къыщыкI къэкIыгъэхэм я жылэхэр зэхуахьэсынущ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Мел Астемыр и фэеплъу

Дзэ Iуэху хэхам лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу хэкIуэда, лейтенант нэхъыжь Мел Астемыр и фэеплъу алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэ «Тэрч Олимп» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ бэнакIуи 100-м щIигъу.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэм зыхуагъэзащ Тэрч щIыналъэ администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбийрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Дадэ МуIэедрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Мел Астемыр 1998 гъэм Арыкъ къуажэм къыщалъхуащ, Санкт-Петербург дэт Михайловскэ дзэ академиер къиухащ. Спортым дихьэхыу щытащ, алыджурым бэнэкIэмрэ зэзауэ зыхэт самбэ лIэужьыгъуэмкIэ УФ-м спортымкIэ и мастер цIэхэр зэрихьащ.

Дзэ Iуэху хэхам щыIэу лIыхъужьыгъэ зэрихьахэм папщIэ «За отвагу», «За боевые отличия» медалхэр «ЛIыхъужьыгъэм и орденыр» (хэкIуэда иужькIэ) къратащ.

КъыдэкIуэтей щIэблэм Астемыр и лIыгъэр щапхъэ яхуэхъун, абы дэплъеин, ар ящымыгъупщэн папщIэ иджы екIуэкIа турнирым хуэдэ илъэс къэс зэхашэн мурад щыIэщ.

«Тэрчыр» урысейпсо зэпеуэм щытокIуэ

● Футбол

«Бжьыхьэ кубок - ImSport 2024» фIэщыгъэр зэрихьэу Геленджик къалэм щекIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Тэрч щIыналъэм и «Тэрч» командэм и топджэгу ныбжьыщIэхэр икIи япэ увыпIэр абы къыщахьащ.

ЗЭПЕУЭМ и кIэух Iыхьэм ди щIалэ цIыкIухэм къащыпэщIэтащ Белгород областым и «Спартак» командэр. ЗэIущIэм хухаха зэманыр зэрытемыгъэкIуауэ, бжыгъэри къызэIуамыхауэ иухри, нэхъ лъэщыр пенальтикIэ зэхагъэкIын хуей хъуащ. Мыбдежым Тэрч щIыналъэм и лIыкIуэхэр нэхъ шэрыуэу къыщIэкIащ икIи бжыгъэр 4:3-уэ текIуащ.

Зэхьэзэхуэм хэтахэм ящыщу Къыз Андемыр топджэгу нэхъыфIу къалъытащ, гъуащхьэтетхэм Бэв Ислъам къыхагъэщхьэхукIащ, топджэгу нэхъ лъапIэ дыдэу Къанокъуэ Асхьэд къыхахащ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

● УФСБ-м къет

ЩIэпхъаджагъэм къыхуриджэрт

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм терроризмэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Бахъсэн къалэм щыпсэу, илъэс 23-рэ зи ныбжьым зэрихьэ щIэпхъаджагъэр.

НАФАШ А. Н. социальнэ сетхэм я зым щызэбгригъэхырт террорист, экстремист Iуэхухэр лэжьыным къыхуезыджэ тхыгъэхэр.

Округ дзэ суд нэхъыщхьэм и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Нафаш А. Н. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 205.2 статьям и 2-нэ Iыхьэм, 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ. Абы къуэды тралъхьащ, электроннэ е хъыбар-телекоммуникацэ сетхэр, абы Интернетри хыхьэу, илъэси 2-м къриубыдэу къигъэсэбэпынуи хуимыту ягъэуващ.



Анэхэм письмо хуатх

Урысей гвардием и дзэ частым, Звёзднэ жылэм щыIэм, къулыкъур щезыхьэкIхэм я анэхэм хъуэхъу письмохэр хуатхащ, «С любовью к маме» зыфIаща Iуэхум хыхьэу. Ар Анэм и махуэм ирагъэхьэлIащ.

ЩIАЛЭЩIЭХЭМ къабгъэдэкI тхыгъэхэм къыщагъэлъэгъуащ къулыкъур зэрырахьэкIыр, зыми памыщI, нэхъ лъапIэ дыдэу яIэ анэр фIыуэ зэралъагъур.

- Си фIэщ мэхъу мы письмохэр анэхэм я дежкIэ саугъэт лъапIэ зэрыхъунур, ахэр фIыуэ зэралъагъур иджыри ягу къызэригъэкIыжынур, - жиIащ унафэщIым дзэ-политикэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ подполковник Беляев Сергей

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР: **Жыласэ Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.487
Заказыр №2499
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.